



Byenveni nan kominote a

UnitedHealthcare Community Plan of Ohio bay sèvis swen sante pou moun ki abite Ohio ki elijib pou avantaj Medicaid pou moun ki Aje, Avèg, oswa Andikape, Fanmi ak Timoun ki gen pwoteksyon yo (ki gen ladan Healthy Start ak Healthy Families), ak ekstansyon pou granmoun.

**United
Healthcare®**
Community Plan

Paj sa a rete vid pou yon rezon.

Byenveni

Byenveni nan UnitedHealthcare Community Plan. Kounye a ou se yon manm nan yon plan swen sante, ke yo rele tou yon òganizasyon swen yo jere (MCO). UnitedHealthcare Community Plan ofri sèvis swen sante pou moun ki abite Ohio ki elijib, tankou moun ki gen ti revni, moun ki ansent, tibebe, ak timoun, granmoun aje, ak moun ki gen andikap. Antanke manm, kounye a ou elijib pou w jwenn avantaj enteresan san w pa gen okenn frè, san w pa gen okenn kopeman. Anplis de sa, nou gen pwogram jesyon maladi ak swen pou maladi tankou opresyon ak dyabèt ak yon Healthy First Steps™ Pwogram Gwosès.

Tanpri pran kèk minit pou revize Manyèl Manm sa a. Nou pare pou reponn tout kesyon ou ka genyen. Ou ka jwenn repons pou pifò kesyon yo nan myuhc.com/CommunityPlan. Jis rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**, 7:00 a.m. jiska 7:00 p.m., lendi jiska vandredi.

Enfòmasyon yo bay nan Manyèl Manm sa a gen entansyon sèvi kòm yon gid enfòmatif ak referans rapid.



Kòmanse

Nou vle ou jwenn plis avantaj nan plan sante ou touswit. Kòmanse ak twa etap fasil sa yo:

- 1. Rele Founisè Swen Prensipal ou a (PCP) epi planifye yon tchèkòp.** Tchèkòp regilye yo enpòtan pou yon bon sante. Nimewo telefòn PCP ou a ta dwe sou kat idantite manm ou te resevwa pa lapòs dènyèman. Si w pa konnen nimewo PCP w la, oswa si w ta renmen èd pou w planifye yon tchèkòp, rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**. Nou la pou ede.
- 2. Fè Evalyasyon Sante w la.** Sa a se yon fason kout epi fasil pou w jwenn yon gwo foto sou vi ak sante w kounye a. Sa ede nou mete ou an relasyon ak avantaj epi sèvis ki disponib pou ou yo. Ale sou myuhc.com/CommunityPlan pou w konplete Evalyasyon Sante ou jodi a. Epi, nou ap rele ou byento pou nou swete ou byenvini nan UnitedHealthcare Community Plan. Pandan apèl sa a, nou ka eksplike benefis plan sante ou a. Nou ka ede w konplete Evalyasyon Sante a tou nan telefòn ou an.
- 3. Aprann konnen plan sante w la.** Kòmanse ak seksyon Pwen esansyèl Plan Sante a nan paj 9 pou yon apèsi rapid sou nouvo plan ou a. Epi asire w ke w kenbe ti liv sa a sou lamen, pou referans alavni.

Sèvis Manm 1-800-895-2017, TTY 711

7:00 am–7:00 p.m., Lendi–Vandredi

Biwo nou an fèmen nan gwo jou ferye sa yo:

- Jou Nouvèl an
- Jounen Martin Luther King Jr
- Jounen Komemorasyon
- Jou Endepandans
- Jounen travay
- Jou Aksyon de Gras
- Jou apre Jou Aksyon de Gras
- Jou Nwèl

- 4 Ou gen kesyon?** Vizite myuhc.com/CommunityPlan, oswa rele Sèvis pou Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**.

Table Kontni

Byenveni	3
Pwen Fò Plan Sante a	9
Nimewo idantifikasyon manm nan:	9
Yon ti koutje sou avantaj yo	10
Evalyasyon Sante w	11
Sipò manm yo	12
Ou ka kòmanse avantaj benefis famasi ou a touswit	14
Ale kay doktè	16
Founisè Swen Prensipal ou a (PCP)	16
Tchekòp anyèl yo	18
Pran yon randevou ak PCP ou a	19
Preparasyon pou randevou PCP ou a	20
Sèvis NurseLine – Resous enfòmasyon sou sante 24 sou 24 ou a	20
Si w bezwen swen epi biwo doktè w la fèmen	21
Swen sante lwen lakay ou	22
Kay medikal	22
Sèvis oto-refere	23
Avantaj adisyonèl pou Manm Popilasyon Adilt Ekstansyon yo	24
Jwenn yon dezyèm opinyon	25
Otorizasyon davans	25
Swivi swen yo si PCP w la kite rezo a	25
Sèvis transpò – Ki pa ijans	26

Lopital ak ijans	27
Swen Ijan.	27
Sèvis lopital.	28
Swen dantè ijan	28
Sèvis medikalman nesesè	29
Pa gen kouvèti medikal andeyò Etazini	30
Liv Enstriksyon pou Manb Ohio Department of Medicaid	32
Byenveni nan Eta Ohio	32
Liv Enstriksyon pou Manb Ohio Department of Medicaid	34
Kat idantifikasyon (ID).	36
Nouvo enfòmasyon sou manm yo	37
Medikaman sou preskripsyon.	38
Sèvis ki pa garanti nan UnitedHealthcare Community Plan.	38
Sèvis UnitedHealthcare Community Plan pa kouvri sèl si sa nesesè sou plan medikal.	39
Sèvis jesyon swen	39
Sèvis Manm yo	40
Sèvis sante konpòtmantal, sante mantal ak sèvis tretman maladi konsomasyon sibstans.	41
OhioRISE.	42
Pwogram sèvis kowòdone.	44
Healthchek.	45
Chwazi yon Founisè Swen Prensipal (PCP).	46
Chanje PCP ou	47
Telesante.	47
Dwa manm ou yo.	48

Kijan pou fè UnitedHealthcare Community Plan konnen si w pa kontan oswa si w pa dakò ak yon desizyon nou te pran – Apèl ak doleyans	50
Fòmilè apèl pou manm yo	54
Fòmilè doleyans ak apèl.	56
Odyans Eta yo	58
Rekiperasyon byen imobilye	59
Sèvis dijans	59
Blesi oswa maladi aksidan (sibrogasyon)	60
Lòt asirans sante (Kowòdinasyon Benefis – COB)	61
Pèt avi asirans (Sètifika pwoteksyon kredib)	61
Pèt kalifikasyon Medicaid	61
Renouvèlman otomatik manm MCP	61
Mete abònman MCP ou a	62
Tablo sèvis Medicaid yo	66
Sèvis UnitedHealthcare Community Plan garanti	66
Avantaj adisyonèl UnitedHealthcare	74
Avantaj adisyonèl	74
Lòt detay sou plan	81
Jwenn yon founisè swen sante ki nan rezo a	81
Anyè Founisè Swen Sante	81
Si ou resevwa yon bòdwo pou sèvis yo	82
Direktiv davans	82
Fwod ak abi	84
Rapòte ensidan	85
Opinyon ou konte	88
Ekip jesyon itilizasyon	89

Pwogram de Kalite	89
Sekirite ak pwoteksyon kont diskriminasyon	90
Gid pratik klinikal ak nouvo teknoloji.	90
Responsabilite ou kòm manm	91
Tèminoloji jesyon swen.	92
Avi Plan Sante sou Pratik Konfidansyalite.	98
Appendix A.	106
Ohio Single Pharmacy Benefit Manager (SPBM)	106
1. Kontni Manyèl Manm yo	106
1.1 Idantite Antrepriz.	106
1.2 Sèvis ki Disponib yo	106
1.2.1 Lis Medikaman Prefere (PDL).	107
1.2.2 Otorizasyon Alavans yo	107
1.2.3 Estrateji Jesyon Itilizasyon Famasi yo	108
1.2.4 Sèvis yo pa Apwouve yo	109
1.2.5 Sèvis Adisyonèl yo.	109
1.3 Demann pou Apèl yo, Doleyans yo, oswa Plent Odyans Eta yo	109
1.4 Rekòmandasyon sou Chanjman yo	112
1.5 Aksè nan Famasi.	112
1.6 Medikaman an Ijans pou Pasyan ki pa Entène.	112
1.7 Deklarasyon kont diskriminasyon	112
1.8 Deklarasyon Rezo Founisè Swen Sante.	113
1.9 Rezo Founisè Famasi.	113

Pwen Fò Plan Sante a

Nimewo idantifikasyon manm nan:

The diagram shows a sample Member ID card for United Healthcare Community Plan. Callouts point to various fields and sections:

- Member Services | Phone: 800-895-2017**
24 Hour Emergency Services | Phone: 800-542-8630
- Member Name:** JaneHasVeryLongName
Veryloooooonglastname
- Member ID Number:** 000000000000
- Plan ID Number:** 000000000000
- Primary Care Provider:** Dr. John Doe
Phone: 000-000-0000
- Pharmacy Benefit:** **gwinwell**
Rx Bin: 024251
Rx PCN: OHRXPROD
Phone: 833-491-0344
- Use Member ID for Billing**
- Issuance Date:** MM/DD/YYYY
- Information for Members:** If you have an emergency, call 911 or go to the nearest emergency room. This card does not guarantee coverage. By using this card for services, you agree to the release of medical information, as stated in your Member handbook. If you are not sure whether you need to go to the emergency room, call your Primary Care Provider or the 24/7 NurseLine 800-542-8630. To verify benefits or to find a provider, visit the website www.myuhc.com/communityplan.
- Information for Providers:** Please verify member eligibility on Date of Service via the ODM provider portal before rendering services. Please visit UHCprovider.com for detailed billing instructions or call 800-600-9007 for assistance. Providers may also call the ODM IHD at 800-686-1516 for assistance. For utilization management call 1-800-600-9007.
- Ohio | Department of Medicaid**

Callout labels in Haitian Creole:

- Non Founisè Swen Prensipal ou a
- Enfòmasyon pou famasyon ou a
- Nimewo ID manm ou
- Nimewo ID plan ou a
- Nimewo telefòn Sèvis Manm yo

Ou pèdi kat idantite manm ou an?

Si ou menm oswa yon manm fanmi w pèdi yon kat, ou ka enprime yon nouvo sou myuhc.com/CommunityPlan. Oswa rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**.

Yon ti koutje sou avantaj yo

Antanke manm UnitedHealthcare Community Plan, ou gen plizyè avantaj ak sèvis swen sante ki disponib pou ou. Isit la se yon apèsi tou kout. W ap jwenn yon lis konplè nan seksyon Avantaj la.

Sèvis Swen Prensipal

Ou garanti pou tout vizit nan Founisè Swen Prensipal ou (PCP). PCP w la se doktè prensipal w ap wè pou pi fò nan swen sante w. Sa gen ladann tchèkòp, tretman pou rim ak grip, pwoblèm sante ak tès depistaj sante.

Gwo rezo founisè

Ou ka chwazi nenpòt PCP nan gwo rezo founisè nou an. Rezo nou an gen ladan tou espesyalis, lopital ak famasi – ki ba w anpil opsyon pou swen sante w. Jwenn yon lis konplè founisè rezo yo nan myuhc.com/CommunityPlan oswa rele **1-800-895-2017**, TTY **711**.

NurseLine

NurseLine ba ou aksè telefòn 24/7 pou enfimye ki gen eksperyans. Yo ka ba ou enfòmasyon, sipò ak edikasyon pou nenpòt kesyon oswa enkyetid ki gen rapò ak sante. Rele **1-800-542-8630**, TTY **1-800-855-2880**.

Sèvis espesyalis

Kouvèti ou an gen ladan sèvis espesyalis yo. Espesyalis yo se doktè oswa enfimye ki gen anpil fòmasyon pou trete kèk kondisyon. Ou ka bezwen yon referans nan men PCP ou an premye. Gade paj 16 manyèl la.

Medikaman

Plan ou an kouvri medikaman sou preskripsyon san patisipasyon frè pou manm tout laj. Kouvri tou: ensilin, zegwi ak sereng, kontwòl nesans, aspirin anba pou atrit, grenn fè ak vitamin pou moulèn.

Sèvis lopital

Ou garanti pou sejou lopital ak sèvis pou pasyan ekstèn yo (sèvis ou jwenn nan lopital la san w pa pase nwit la).

Sèvis laboratwa

Sèvis ki garanti yo enkli tès ak radyografi ki ede jwenn kòz maladi a.

Vizit timoun piti

Tout vizit ak vaksinasyon timoun yo ganranti pa plan ou an.

Swen matènite ak gwosès

Vizit doktè anvan ak apre tibebe w la fèt yo asire. Sa gen ladann sejou lopital. Si sa nesèsè, nou kouvri tou vizit lakay yo apre tibebe a fèt.

Planifikasyon famiyal

Ou garanti pou sèvis ki ede w jere tan gwosès yo. Men sa yo enkli pwodwi kontwòl nesans ak pwosedi yo.

Swen vizyon

Avantaj pou vizyon yo genyen ladan yo egzamen woutin ak linèt. Gade paj 71.

Swen Dantè

Avantaj dantè ou yo kouvri nan UnitedHealthcare Community Plan.

Pou plis enfòmasyon sou pwoteksyon dantè w la oswa pou w jwenn yon dantis, konekte sou myuhc.com/CommunityPlan oswa aplikasyon UnitedHealthcare® la, oswa rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**.

Sèvis transpò ki disponib

Si w bezwen yon woulib pou w al jwenn PCP w la oswa yon lòt founisè medikal, nou ka kapab ede w. Transpò medikal yo kouvri pou kèk swen medikal. Si ou pa gen okenn lòt fason pou w ale kay doktè a, si w ap viv nan yon zòn ki pa gen transpò piblik oswa ou pa ka itilize transpò piblik akòz yon pwoblèm sante oswa andikap, rele **1-800-895-2017**, TTY **711** omwen 48 èdtan alavans. Pou w aprann plis, konekte sou myuhc.com/CommunityPlan epi chwazi "Coverage & Benefits" pou chèche pwoteksyon transpò.

Evalyasyon Sante w

Yon Evalyasyon Sante se yon sondaj kout epi fasil ki ap poze w kesyon senp sou jan w ap viv ou ak sou sante ou. Lè w ranpli li epi voye l pa lapòs ba nou, nou ka konnen w pi byen. Epi li ede nou asosye ou ak anpil avantaj ak sèvis ki disponib pou ou.

Tanpri pran kèk minit epi ranpli fòmilè Evalyasyon Sante a. Oswa rele **1-800-895-2017** pou w konplete li pa telefòn.

Sipò manm yo

Nou vle rann li pi fasil ke posib pou w jwenn plis nan plan sante w la. Antanke manm nou, gen anpil sèvis ki disponib pou ou, tankou transpò ak entèprèt si sa nesesè. Men, si ou gen kesyon, gen anpil kote pou w jwenn repons.

Sit entènèt la ofri aksè 24/7 sou detay plan an

Ale sou myuhc.com/CommunityPlan pou w ka enskri pou jwenn aksè ak kont ou an anliy. Sit entènèt ki an sekirite sa a kenbe tout enfòmasyon sou sante w nan yon sèl kote. Anplis detay plan an, sit la gen ladan zouti itil ki ka ede w:

- Jwenn yon founisè
- Chèche yon medikaman nan Lis Medikaman Prefere a
- Jwenn detay sou benefis yo
- Telechaje yon nouvo Manyèl Manm yo
- Enprime yon nouvo kat idantite manm
- Jwenn enfòmasyon sou rekonpans sante ki disponib pou atenn kèk objektif sante

Sèvis pou manm yo disponib 7:00 a.m. rive 7:00 p.m., Lendi jiska Vandredi

Sèvis Manm yo ka ede w ak kesyon oswa enkyetid ou yo. Sa gen ladann:

- Konprann benefis ou yo
- Ede jwenn yon kat idantite manm ranplasman
- Jwenn yon doktè oswa yon klinik swen ijan
- Ki jan yo jwenn aksè nan swen espesyalize
- Fason pou depoze yon doleyans oswa yon apèl

1-800-895-2017, TTY 711.

Jesyon Swen program

UnitedHealthcare Community Plan ofri sèvis jesyon swen. Si ou gen yon kondisyon sante kwonik, tankou opresyon oswa dyabèt, ou ka benefisye de pwogram Jesyon Swen nou an. Nou ka ede ak yon kantite bagay, tankou pran randevou doktè ak kenbe tout founisè ou yo enfòm sou swen ou resevwa. Pou aprann plis, rele **1-800-895-2017, TTY 711.**

Nou pale lang ou an

Si w pale yon lòt lang ki pa anglè, nou ka bay dokiman enprime ki tradui ak sèvis lang gratis, enfòmasyon ekri nan lang ki pa anglè yo idantifye kòm lang prensipal yon manm, enfòmasyon ekri nan lòt fòm ak lòt èd oswa sèvis anplis pou moun ki gen andikap yo. Oswa nou ka ba w yon entèprèt oral ki ka ede w konprann dokiman sa yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou Sèvis Entèpretasyon ak Asistans Lang lan nan seksyon ki rele Lòt Detay Plan an. Oswa rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017, TTY 711**.

Si usted habla un idioma que no sea inglés, podemos proporcionar materiales impresos traducidos. O podemos proporcionar un intérprete que puede ayudar a entender estos materiales. Encontrará más información acerca de servicios de interpretación y asistencia lingüística en la sección Otros detalles del plan. O llame a Servicios para Miembros al **1-800-895-2017, TTY 711**.

Ijans yo

Nan ka ijans, rele **911**

Lòt detay enpòtan sou nimewo yo

24/7 NurseLine	1-800-542-8630
(disponib 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn)	
TTY	1-800-855-2880
Premye etap pou lasante (pou pwochen manman yo)	1-800-599-5985
Jesyon swen	1-800-895-2017
Liy dirèk pou fwod ak abi	
UnitedHealthcare	1-877-766-3844
Depatman Asirans Ohio	1-800-686-1527
.....	1-614-644-2671
Liy dirèk pou konsomatè Medicaid Ohio yo	1-800-324-8680
TTY	1-800-292-3572

Si adrès ou a chanje, tanpri kontakte biwo JFS (Job and Family Services) lokal ou a.

Ou ka kòmanse avantaj benefis famasi ou a touswit

Manm UnitedHealthcare Community Plan an itilize Gainwell pou trete reklamasyon sou preskripsyon yo epi yo dwe al gade nan manyèl manm Gainwell la pou jwenn asistans. Plan ou a kouvri yon long lis medikaman sou preskripsyon. Medikaman ki garanti yo parèt sou lis medikaman prefere (PDL). Lis sa a ke yo rekonèt kòm yon fòmilè. Doktè w la itilize lis sa a/PDL pou asire l ke plan w lan kouvri medikaman ou bezwen yo. Gainwell jere kouvèti preskripsyon ou an epi li ka kouvri lòt medikaman ak apwobasyon davans. Si medikaman ou a bezwen apwobasyon davans, founisè swen ou an ka mande li pou ou. Ou ka jwenn Lis Medikaman Prefere (PDL) pou plan w lan sou sitwèb nou an nan myuhc.com/CommunityPlan. La, ou kapab tou chèche yon medikaman pa non.

Li fasil pou w kòmanse ranpli preskripsyon w yo. Men ki jan:

1. Èske medikaman ou yo enkli sou Lis Medikaman Prefere a?

Si se wi

Si medikaman ou yo enkli sou Lis Medikaman Prefere a, tout bagay anfòm. Asire w ou montre famasyen ou an nouvo kat idantite manm ou a chak fwa ou pran preskripsyon ou yo.

Konsilte Lis Medikaman Prefere a sou Entènèt nan myuhc.com/CommunityPlan. Ou ka rele Sèvis Manm Gainwell tou nan **1-833-491-0344** (TTY **1-833-655-2437**). Nou la pou n ede w.

Si se non

Si preskripsyon ou yo pa sou Lis Medikaman Prefere a, pran yon randevou ak doktè ou a nan 30 jou kap vini yo. Li ka ede w chanje yon medikaman ki sou Lis Medikaman Prefere a. Doktè w la ka ede w mande yon eksepsyon tou si li panse ou bezwen yon medikaman ki pa nan lis la.

2. Ou gen yon preskripsyon?

Lè w gen yon preskripsyon nan men doktè w la, oswa lè w bezwen renouvle preskripsyon w lan, ale nan yon famasi rezo a. Montre famasyen an kat idantite manm ou an. Ou ka jwenn yon lis famasi rezo yo nan Repètwa Founisè yo sou Entènèt nan spbm.medicaid.ohio.gov oswa rele Sèvis Manm Gainwell la nan 1-833-491-0344.

3. Si w bezwen ranpli yon medikaman ki pa sou Lis Medikaman Prefere a

Vizite yon famasi rezo epi montre kat idantite manm ou an. Si ou pa gen kat idantite manm ou a, ou ka montre famasyen an enfòmasyon ki anba a. Pale ak doktè ou a sou opsyon preskripsyon ou yo.

Atansyon Famasyen

Tanpri trete reklamasyon Gainwell manm sa a lè l itilize:

BIN: 02451

Nimewo Kontwòl Pwosesè a OHRXPROD

Si w resevwa yon mesaj ki di ke medikaman manm lan bezwen yon otorizasyon davans oswa ki pa sou fòmilè nou an, tanpri rele Gainwell nan **1-833-491-0344** oswa vizite spbm.medicaid.ohio.gov pou plis enfòmasyon.

Ale kay doktè

Founisè Swen Prensipal ou a (PCP)

Nou rele doktè prensipal ou konsilte a yon Founisè Swen Prensipal, oswa PCP. Lè ou wè menm PCP la pandan lontan, li pi fasil pou w devlope yon relasyon ak yo. Chak manm fanmi an ka gen pwòp PCP pa yo, oswa nou tout ka chwazi wè menm moun nan. Ou pral wè PCP ou a pou:

- Swen regilye, tankou tchèkòp chak ane
- Kowòdone swen ou ak yon espesyalis
- Tretman pou rim ak grip
- Lòt pwoblèm sante

Ou genyen opsyon.

Ou ka chwazi ant plizyè kalite founisè rezo pou PCP ou a. Kèk tip PCP yo se:

- Doktè fanmi (yo rele tou yon doktè jeneralis) – pran swen timoun ak granmoun
- Doktè medsin entèn (yo rele tou entènès) – pran swen granmoun
- Enfimyè Pratisyèn (NP) – pran swen timoun ak granmoun
- Pedyat - pran swen timoun yo
- Asistan Doktè (PA) – pran swen timoun ak granmoun

Kisa yon Founisè Rezo ye?

Founisè rezo yo gen kontra avèk UnitedHealthcare Community Plan pou pran swen manm nou yo. Ou pa bezwen rele nou anvan ou wè youn nan founisè sa yo. Pafwa manm yo bezwen wè yon kalite doktè trè espesyalize. N ap travay avèk PCP w la pou asire n ke w jwenn espesyalis oswa sèvis la lè w bezwen li, pandan tout tan w bezwen li, menmsi founisè a pa yon founisè rezo nan moman an. Pa gen okenn frè pou ou lè nou otorize swen oswa sèvis la davans, anvan ou wè founisè ki pa nan rezo a.

Si w wè yon espesyalis san ke PCP w la voye l epi san otorizasyon UnitedHealthcare Community Plan davans, ou ka oblije peye bòdwo a. Toujou travay avèk PCP ou a an premye pou nenpòt sèvis ou bezwen.

Founisè UnitedHealthcare Community Plan

UnitedHealthcare Community Plan fè kontra avèk founisè ki satisfè nòm kalite UnitedHealthcare Community Plan.

Gen 3 fason pou jwenn bon PCP pou ou a.

1. Konsilte Repètwa enprime Founisè yo. Repètwa Founisè yo bay lis tout founisè rezo nou yo. Ou ka mande yon vèsyon enprime de Repètwa Founisè a lè w rele Sèvis Manm yo oswa lè w retounen kat postal ou te resevwa a ak materyèl nouvo manm ou yo ki gen ladann kat idantifikasyon manm ou a.
2. Itilize zouti rechèch Find-A-Doctor nan myuhc.com/CommunityPlan.
3. Rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**. Nou ka reponn kesyon ou yo epi ede w jwenn yon PCP ki toupre w.

Plan w lan gen yon rezo bon kalite doktè, lopital, ak lòt founisè swen, tout k ap travay ansanm pou ede w jwenn pi bon swen. Tcheke repètwa founisè plan w lan pou w jwenn yon lis founisè rezo yo. Founisè yo ka chanje pandan ane a pandan n ap kontinye bati yon rezo bon jan kalite pou ou. Ou ka jwenn repètwa founisè ki pi ajou a nan myuhc.com/CommunityPlan oswa nan aplikasyon UnitedHealthcare la.

Si ou bezwen èd pou w jwenn yon founisè pou nenpòt nan sèvis nou yo, oswa yon founisè ki travay ak sèvis nou yo ak yon dezyèm konpayi asirans, ou ka rele Sèvis Manm yo tou **1-800-895-2017**, TTY **711**. Nou kontan ede w jwenn yon PCP rezo ki bon pou ou. Fè Defansè Sèvis Manm ou an konnen si w gen preferans kote, lang, oswa preferans kiltirèl. Ou ka voye yon kopi papye gratis nan repètwa founisè a tou lè w rele Sèvis Manm yo.

Yon fwa ou chwazi yon PCP, rele Sèvis Manm epi fè nou konnen. Nou ap asire n ke dosye ou yo ajou. Si w pa vle chwazi yon PCP, UnitedHealthcare ka chwazi youn pou ou, selon kote w rete ak lang ou pale.

Jwenn Plis Enfòmasyon sou

Ou ka aprann enfòmasyon sou doktè rezo yo nan myuhc.com/CommunityPlan, oswa lè w rele Sèvis Manm yo. Nou ka ba w enfòmasyon sa yo:

- Non, adrès, nimewo telefòn
- Kalifikasyon pwofesyonèl
- Espesyalite
- Lekòl medikal li te ale
- Lè li fini rezidans
- Eitati Sètifikasyon Komisyon Konsèy la
- Lang li pale

Tchekòp anyèl yo

Enpòtans tchekòp anyèl ou a

Ou pa bezwen malad pou w ale kay doktè. An reyalitye, tchekòp chak ane ak PCP w la ka ede w rete an sante. Anplis de tcheke sou sante jeneral ou, PCP ou a pral asire l ke ou jwenn tès depistaj, tès ak vaksen ou bezwen yo. Men, si gen yon pwoblèm sante, yo ap jeneralman pi fasil pou trete lè yo jwenn yo bonè.

Men kèk tès enpòtan. Konbyen fwa ou fè tès depistaj la baze sou laj ou ak faktè risk yo. Pale ak doktè ou a sou sa ki bon pou ou.

Pou fanm

- Fwoti Vajinal – ede detekte kansè nan matris
- Egzamen tete/Mamografi – ede detekte kansè nan tete

Pou gason

- Egzamen testikil – ede detekte kansè nan testikil
- Egzamen pwostat – ede detekte kansè pwostat

Vizit timoun piti

Vizit swivi pou timoun yo se yon moman pou PCP w la wè kijan pitit ou a ap grandi epi devlope. Yo pral bay tou tès depistaj ki nesèsè yo, tankou tès lapawòl ak tès tandè, ak vaksen pandan vizit sa yo. Vizit woutin sa yo se yon bon moman tou pou w poze nenpòt kesyon ou genyen sou konpòtman ak byennèt jeneral pitit ou a, tankou:

- Manje
- Dòmi
- Konpòtman
- Entèraksyon sosyal
- Aktivite fizik

Pwogram Kontwòl

Li enpòtan pou w pran randevou pou w fè vizit medikal pou timoun ki nan laj sa yo:

3 a 5 jou	15 mwa
1 mwa	18 mwa
2 mwa	24 mwa
4 mwa	30 mwa
6 mwa	Chak ane apre 3 an
9 mwa	kontwòl sante pou
12 mwa	Adolesan yo

Men vaksen doktè a pral bay, ak fason yo pwoteje pitit ou a:

- **Epatit A ak Epatit B:** anpeche de enfeksyon komen nan fwa a
- **Wotaviris:** pwoteje kont yon viris ki lakòz gwo dyare
- **Difteri:** anpeche yon enfeksyon danjere nan gòj
- **Tetanòs:** anpeche yon maladi nan nè ki danjere
- **Koklich:** prevni koklich la
- **HiB:** prevni menenjit lakay timoun
- **Menengokòk:** prevni menenjit ki koze pa bakteri
- **Polyo:** prevni yon viris ki lakòz paralizi
- **MMR:** prevni lawoujòl, malmouton ak ribeyòl
- **Varisèl:** prevni varisèl
- **Grip:** pwoteje kont viris grip la
- **Nemokòk:** prevni enfeksyon nan zòrèy, enfeksyon nan san, nemoni ak menenjit bakteryèn
- **HPV:** pwoteje kont yon viris ki ou atrape seksyèlman ki ka mennen ak kansè nan matris lakay fanm ak veri jenital lakay gason

Pran yon randevou ak PCP ou a

Rele biwo doktè ou a dirèkteman. Nimewo a ta dwe sou kat idantite manm ou a. Lè w rele pou w pran yon randevou, asire w ke w di biwo a poukisa w ap vini. Sa ap ede ou jwenn swen ou bezwen an, lè ou bezwen li.

Men nan ki delè ou ka espere yo wè ou:

- Ijans – Imedyatman oswa voye nan yon etablisman ijans
- Ijans ki pa menase lavi – Imedyatman oswa refere w a yon etablisman ijans
- Ijan (men se pa yon ijans) – Nan 1 jou oswa 24 èdtan
- Woutin – Nan 6 semèn
- Prevantif ak byennèt – Nan 6 semèn

Preparasyon pou randevou PCP ou a

Avan vizit la

1. Ale konnen kisa ou vle jwenn nan vizit la (soulajman nan sentòm yo, yon referans a yon espesyalis, enfòmasyon espesifik, elatriye).
2. Note tout nouvo sentòm yo ak lè yo te kòmanse.
3. Fè yon lis tout medikaman oswa vitamin ou pran sou yon baz regilye.

Pandan vizit la

Lè w ak doktè a, santi w lib pou w:

- Poze kesyon
- Pran nòt si sa ede w sonje
- Mande doktè a pale dousman oswa eksplike nenpòt bagay ou pa konprann
- Mande plis enfòmasyon sou nenpòt medikaman, tretman oswa maladi

Sèvis NurseLine – Resous enfòmasyon sou sante 24 sou 24 ou a

Rele 1-800-542-8630, TTY 1-800-855-2880.

Lè ou malad oswa blese, li ka difisil pou pran desizyon sou sante. Ou ka pa konnen si ou ta dwe ale nan sal ijans, vizite yon sant swen ijan, pran yon randevou pwofesyonèl swen sante oswa itilize swen pwòp tèt ou. Yon enfimiyè NurseLine ki gen eksperyans ka ba w enfòmasyon pou ede w deside.

Enfimyè yo ka bay enfòmasyon ak sipò pou anpil sitiyasyon sante ak enkyetid, tankou:

- Blesi minè
- Maladi komen
- Konsèy pou pran swen tèt ou ak opsyon tretman
- Dènye dyagnostik ak kondisyon kwonik
- Chwazi swen medikal apwopriye a
- Prevansyon maladi
- Nitrisyon ak kondisyon fizik
- Kesyon pou w poze founisè w la
- Ki jan yo pran medikaman an san danje
- Sante gason, fanm ak timoun

Ou ka jis kirye sou yon pwoblèm sante epi ou vle aprann plis. Enfimyè ki gen eksperyans ka ba w enfòmasyon, sipò ak edikasyon pou nenpòt kesyon oswa enkyetid ki gen rapò ak sante.

Senpleman rele gratis, nan nimewo **1-800-542-8630**, TTY **1-800-855-2880**. Ou ka rele nimewo gratis NurseLine la nenpòt lè, 24 èdtan pa jou, 7 jou sou 7. Epi, pa gen limit nan kantite fwa ou ka rele.

Si w bezwen swen epi biwo doktè w la fèmen

Rele doktè w la si w bezwen swen ki pa yon ijans. Yo reponn telefòn doktè w la 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn. Doktè w la oswa doktè ki nan apèl la ap ede w fè bon chwa pou swen w yo.

Yo ka di w:

- Ale nan yon klinik apre lè oswa yon sant swen ijan
- Ale nan biwo a nan maten an
- Ale nan sal ijans (ER)
- Jwenn medikaman nan famasi ou a

Swen sante lwen lakay ou

- Si w bezwen swen sante ijan lè w pa lakay ou, rele PCP w oswa UnitedHealthcare Community Plan nan **1-800-895-2017**, TTY **711.**, pou èd
- Nan yon ijans, ou pa bezwen rele PCP ou an an premye. Ale nan sal ijans ki pi pre a oswa rele **911.**
- Rele PCP ou apre yon vizit nan sal ijans
- Jwenn swen swivi ou nan men PCP ou
- Yo dwe resevwa sèvis swen sante woutin nan men PCP ou lè w retounen lakay ou
- Tout sèvis andeyò Etazini ak teritwa li yo pa kouvri

Si w resevwa swen medikal ijans pandan w pa lakay ou, doktè a ka voye reklamasyon elektwonikman oswa nan adrès sa a:

UnitedHealthcare Community Plan
P.O. Box 5220
Kingston, NY 12402-5220

Si ou lwen lakay ou epi ou bezwen swen ki pa ijans men ou pa jwenn yon founisè rezo toupre ou, rele Sèvis Manm nan nimewo telefòn ki sou kat ID manm ou a.

Kay medikal

Ki sa ki yon kay medikal?

Yon kay medikal se yon sous pou swen medikal ke ou itilize tout tan e ke ou fè konfyans. Si w ale nan menm doktè a oswa kabinè medikal la tout tan, doktè sa a se "kay medikal ou."

Poukisa mwen ta vle gen yon kay medikal?

Yon kay medikal fè li pi fasil pou ou pou w jwenn swen medikal ak konsèy. Gen anpil rezon pou w ta gen yon kay medikal.

- Yon kay medikal ap deja gen dosye medikal ou. Sa pèmèt doktè a wè ou pi vit.
- Yon kay medikal pral konnen ki vaksen, maladi ak preskripsyon ou te genyen ak sa ki mache pi byen.
- Yon kay medikal ap konnen ki alèji ak lòt pwoblèm sante ou genyen
- Yon kay medikal ap konnen ki konpòtman ak ki sante ki nòmal pou ou.
- Yon kay medikal ka reponn kesyon ou yo sou tretman anvan yo

Nou sijere pou tout manm nou yo gen yon kay medikal.

Sèvis oto-refere

Ou ka resevwa kèk sèvis san PCP ou a pa refere w oswa rekòmande w bay yon lòt doktè. Yo rele sa sèvis oto refere. Men kèk egzanp sèvis ou ka resevwa san PCP w la pa refere w bay yon lòt doktè:

- Swen dantè
- Swen vizyon
- Sèvis swen sante woutin ak prevantif pou fanm yo ofri pa yon espesyalis sante fanm (obstetrik, jinekoloji, enfimiyè fanmsaj sètifye)
- Swen espesyal (eksepte pou chimyoterapi ak sèvis espesyalis jesyon doulè)
- Swen Ijan
- Sèvis ki ofri pa Founisè Planifikasyon Familyal kalifye (QFPP)
- Sèvis sante konpòtmantal, sèvis sante mantal ak sèvis pou konsomasyon sibstans
- Sèvis yo bay nan Sant Sante Kalifye Federal (FQHCs)/Klinik Sante Riral (RHCs) ak sèvis enfimiyè pratikan sètifye.
- Dyaliz
- Radyoterapi
- Mamogram

Ou dwe ale kay yon founisè rezo pou tout sèvis oto refere ou yo eksepte pou swen ijans oswa pou sèvis yo bay nan Sant Sante Kalifye Federal (FQHCs)/Klinik Sante Riral (RHCs), Founisè Planifikasyon Familyal Kalifye (QFPPs), ak Depatman Sante Mantal ak Sèvis Adiksyon Ohio (OhioMHAS) sant tretman sètifye ki se founisè Medicaid. Founisè k ap patisipe yo ta dwe founisè ki nan lis nan Repètwa Founisè UnitedHealthcare Community Plan ou a. Repètwa Founisè w la ap gen ladan espesyalis tankou onkològ, jinekòlòg, optometris, dantis ak sikològ. Si ou pa wè founisè w la nan lis la, rele Sèvis Manm yo oswa vizite myuhc.com/CommunityPlan pou w konnen si founisè w la aksepte Plan UnitedHealthcare Community Plan. Pou asire w ke ou resevwa pi bon swen yo, pale PCP ou a de tout vizit ou fè kay espesyalis ak lòt pwofesyonèl. Lè w fè sa, PCP ou a ka ede kowòdone swen sante w yo. Si w vizite yon pwofesyonèl ki pa yon pwofesyonèl k ap patisipe nan UnitedHealthcare Community Plan, sèvis sa yo ka nesesite yon otorizasyon alavans.

Byenveni

Founisè ki pa nan Rezo a

Yon founisè ki pa nan rezo UnitedHealthcare Community Plan lan se yon founisè andeyò rezo a. Si w ale wè yon founisè andeyò rezo a, UnitedHealthcare jeneralman p ap peye pou swen an sof si se yon sèvis planifikasyon familyal ki kouvri, yon ijans oswa ou gen yon otorizasyon davans apwouve nan men nou. Tanpri rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017** (mal tande: **711**). Nou ap ede w. Sèvis Manm yo ka ba w yon lis espesyalis tou, ki gen ladan yon founisè sante mantal.

Avantaj adisyonèl pou Manm Popilasyon Adilt Ekstansyon yo

Sèvis enstitisyonèl yo, espesyalman etablisman retrèt ak etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl (ICF-IID), yo garanti pou popilasyon Ekstansyon Adilt la san limit, lè sa nesesè sou plan medikal.

Sèvis Etablisman Enfimyè (NF).

Règ OAC 5160-26-02 ak 5160-26-03 pèmèt ODM anile manm yo sou demann nan ODM. Pou popilasyon CFC ak ABD ki egziste yo, yo ka retire manm MCP yo apre dezyèm mwa nan etablisman retrèt yo epi yo ka kouvri yo atravè pwogram frè pou sèvis (FFS) lè sèten kondisyon yo satisfè. Men Manm Ekstansyon MCP Granmoun yo pa p dezenskri e yo ap rete nan pwogram swen kontwole a pandan tout dire nenpòt NF ki medikalman nesesè, toutotan yo rete kalifye nan kategori Medicaid pou Ekstansyon Granmoun yo. Admisyon ICF-IID: Si ou konnen ke yon manm Ekstansyon pou Granmoun yo etabli nan yon etablisman ICF-IID, tanpri kontakte ODM imedyatman epi ODM ap travay avèk MCP a pou detèmine pwochen etap yo pou pwoteksyon.

Sèvis Sikoloji

Pa gen limit benefis (yo rele tou "limit difisil") pou sèvis sikològ pou granmoun yo; Sèvis sikològ ki nesesè sou plan medikal yo dwe founi san limit pou tout manm Ekstansyon Granmoun yo. Benefis sa a te fèt san limit difisil pou pou asire konfòmite ak egzijans lwa federal sou MHPAEA (Mental Health Parity and Addiction Equity Act).

Jwenn yon dezyèm opinyon

Yon dezyèm opinyon se lè ou vle wè yon dezyèm doktè pou menm enkyetid sante a. Ou ka jwenn yon dezyèm opinyon nan men yon founisè rezo pou nenpòt nan avanataj ki kouvri ou yo. Sa a se chwa ou. Ou pa oblije jwenn yon dezyèm opinyon.

Otorizasyon davans

Nan kèk ka founisè w la dwe jwenn pèmasyon nan men plan sante a anvan li ba w yon kèk sèvis. Yo rele sa otorizasyon alavans. Sa a se responsablite founisè w la. Si yo pa jwenn otorizasyon davans, ou p ap kapab jwenn sèvis sa yo.

Yon otorizasyon davans ka nesèsè

Gen kèk sèvis ki bezwen otorizasyon davans:

- Admisyon lopital
- Sèvis swen sante nan kay
- Kèk pwosedi imajri pou pasyan ekstèn, tankou MRI, MRA, CT ak PET skàn.

Swivi swen yo si PCP w la kite rezo a

Pafwa PCP yo kite rezo a. Si sa rive PCP w la, w ap resevwa yon lèt nan men nou ki fè w konnen. Pafwa UnitedHealthcare Community Plan ap peye pou ou pou jwenn sèvis ki garanti nan men doktè pou yon ti tan apre li fin kite rezo a. Ou ka anmezi pou w kontinye jwenn swen ak tretman lè doktè ou a kite rezo a si ou nan yon tretman aktif pou yon pwoblèm medikal grav. Pa egzanp, ou ka kalifye si w ap resevwa chimyoterapi pou kansè oswa si w ansent omwen sis mwa lè doktè w la kite rezo a. Pou mande sa, tanpri rele doktè ou a. Mande l pou l chèche yon otorizasyon pou kontinye swen ak tretman nan men UnitedHealthcare.

Sèvis transpò – Ki pa ijans

Si w bezwen yon woulib pou w al jwenn PCP w la oswa yon lòt founisè medikal, nou ka kapab ede w. UnitedHealthcare Community Plan ap ofri w 30 vwayaj ale senp oswa 15 ale/retou chak ane ant PCP w la, WIC, famasi, oswa lòt founisè swen sante k ap patisipe yo oswa pwofesyonèl swen sante konpòtmantal, tankou vizyon, dantè, ak sante mantal ak itilizasyon sibstans. founisè yo. Ou ka mande èd tou pou w ale nan vizit redetèminasyon Medicaid yo.

Anplis transpò obligatwa a, UnitedHealthcare Community Plan ofri sèvis transpò adisyonèl sa yo:

- Kounye a ranbousman frè yo disponib pou manm sa yo oswa reprezantan yo ki ta prefere itilize pwòp machin pa yo pou ale nan randevou medikal yo. Manm yo dwe rele pou depasman yo 5 jou alavans.
- Depasman san limit pou vizit gwosès, prenatal, apre akouchman, randevou WIC, NICU ak timoun (ki pi piti pase 1 an). Pa en notifikasyon davans. Vwayaj otonòm nan famasi yo otorize.

Lopital ak ijans

Swen Ijan

Klinik swen ijan yo la pou ou lè ou bezwen wè yon doktè pou yon kondisyon ki pa menase lavi men PCP ou a pa disponib oswa konsiltasyon an fèt apre lè ouvèti klinik la. Pwoblèm sante komen ideyal pou swen ijan yo enkli:

- Malgòj
- Enfeksyon nan zòrèy
- Koupi minè oswa boule
- Grip
- Ti fyèv
- Antòs

Si oumenm oswa pitit ou yo gen yon pwoblèm ijan, rele PCP ou a dabò. Doktè w la ka ede ou jwenn bon kalite swen. Doktè w la ka di w pou w ale nan swen ijan oswa sal dijans la.

Planifye davans

Li bon pou w konnen ki klinik swen ijan ki pi pre w. Ou ka jwenn yon lis klinik swen ijan nan Repètwa Founisè w la. Oswa ou ka rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**.

Sèvis lopital

Gen kèk fwa kote sante w ka mande w ale lopital. Genyen sèvis lopital pou pasyan ki entène ak pou pasyan ekstèn yo.

Sèvis pou pasyan ekstèn yo gen ladan radyografi, tès laboratwa ak ti operasyon. PCP w la ap di w si w bezwen sèvis pasyan ekstèn yo. Biwo doktè w la ka ede w planifye yo.

Sèvis pasyan ki entène yo mande pou w rete yon nwit nan lopital la. Sa yo ka gen ladan maladi grav, operasyon oswa fè yon ti bebe.

Sèvis pasyan ki entène yo mande pou yo admèt ou (yo rele yon admisyon lopital) nan lopital la. Lopital la ap kontakte UnitedHealthcare Community Plan epi mande otorizasyon pou swen ou. Si doktè ki admèt ou nan lopital la pa PCP ou, ou ta dwe rele PCP ou epi fè l konnen w ap admèt nan lopital la.

Swen dantè ijan

Sèvis swen dantè ijan pou kontwole doulè, senyen oswa enfeksyon yo garanti nan plan ou a.

Ale lopital la

Ou ta dwe ale lopital sèlman si w bezwen swen ijans oswa si doktè w la te di w ale.

Sèvis medikalman nesesè

Sèvis medikal sa yo ki:

- Esansyèl pou prevni, fè dyagnostik, prevni konplikasyon, soulaje, korije oswa geri kondisyon medikal ki mete lavi an danje, lakòz soufrans oswa doulè, lakòz defòmasyon fizik oswa anpeche ou fonksyone byen, menase pou mennen oswa agrave yon andikap, oswa lakòz maladi oswa enfimite yon manm UnitedHealthcare Community Plan;
- Yo bay yo nan yon etablisman apwopriye ak nan nivo swen apwopriye pou tretman kondisyon medikal manm UnitedHealthcare Community Plan; epi
- Yo bay yo an akò ak estanda pratik medikal yo jeneralman aksepte yo.

Sèvis sant nesans endepandan nan yon sant nesans endepandan. Manm yo ta dwe rele Sèvis Manm yo pou wè si gen yon sant ki kalifye nan Ohio.

Yo dwe jwenn sèvis swen sante ki nesesè sou plan medikal la atravè founisè ki nan rezo founisè MCO a eksepte sèvis ijans yo.

Si yon manm bezwen sèvis sant retrèt, li ta dwe rele Sèvis Manm pou jwenn enfòmasyon sou founisè ki disponib.

Benefis relèv la gen ladann soulajman tanporè kout tèms bay moun k ap bay swen prensipal a yon moun ki poko gen 21 an pou: èd ak preparasyon manje ak asistans pratik yo bay pandan relèv/sipèvizyon timoun nan; ak sèvis yo ka bay sou yon baz planifye oswa yon ijans ak lakay timoun nan pa moun ki anplwaye pa founisè Medicaid ki enskri ki se swa ajans sante nan kay ki sètifye Medicare oswa ajans ki otreman akredite. Manm fanmi ki responsab legalman oswa moun k ap pran swen timoun nan pa kapab bay sèvis relèv. Founisè yo dwe reveye pandan y ap bay sèvis relèv yo epi yo pa kapab bay yo lannwit lan. Gen yon limit ki pa plis pase 24 èdtan relèv pa mwa, epi yo pa dwe depase 250 èdtan pou chak ane sivil.

Byenveni

Elijiblite manm pou benefis relèv yo:

- Timoun ki poko gen 21 an epi yo detèmine ki kalifye pou SSI
- Enskri nan yon pwogram jesyon swen Medicaid Managed Care Organization (MCO).
- Li abite ak yon moun kap bay swen prensipal enfòmèl, ki pa peye
- Detèmine pa MCO a pou satisfè yon nivo swen enstitisyonèl
- MCO a detèmine ke li bezwen enfimye kalifye oswa sèvis reyabilitasyon kalifye omwen yon fwa pa semèn
- Li te resevwa omwen 14 èdtan pa semèn nan sèvis asistans sante nan kay la pou omwen 6 mwa youn apre lòt imedyatman anvan dat sèvis relèv yo rekòmande.
- MCO te detèmine ke moun k ap bay swen an gen yon bezwen pou soulajman tanporè nan gad timoun lan pou sèvis alontèm ak bezwen sipò oswa yo nan lide pou evite yon plasman nan enstitisyon oswa andeyò lakay ou

Gen kèk sèvis medikal ki nesesè ke ou dwe jwenn otorizasyon anvan ou ka jwenn yo. Tanpri gade paj 25 nan manyèl sa a pou plis enfòmasyon sou otorizasyon alavans lan.

Pa gen kouvèti medikal andeyò Etazini

Si ou andeyò Etazini oswa teritwa li yo epi ou bezwen swen medikal, nenpòt sèvis swen sante ou resevwa pa p kouvri pa UnitedHealthcare Community Plan. Medicaid pa kapab peye pou okenn sèvis medikal ou jwenn andeyò Etazini.

Pa tann

Si w bezwen swen ijan, rele **911** oswa ale nan lopital ki pi pre a.

Liv Enstriksyon pou Manb Ohio Department of Medicaid

Liv Enstriksyon pou Manb Ohio Department of Medicaid

Byenveni nan Eta Ohio

Chè Manb UnitedHealthcare Community Plan:

Byenveni nan UnitedHealthcare Community Plan. Si w gen difikilte pou li oswa pou konprann enfòmasyon sa yo, tanpri kontakte Sèvis Manm nan **1-800-895-2017**, TTY **711**, 7:00 a.m.–7:00 p.m., Lendi–Vandredi pou èd, san sa pa koute ou. Nou ka eksplike enfòmasyon sa yo an Anglè oswa nan lang prensipal ou lè nou bay entèpretasyon oral oswa sèvis tradiksyon. Nou ka enprime enfòmasyon sa yo nan lang ki pa Anglè yo idantifye kòm lang prensipal yon manm. Ou ka jwenn dokiman sa a gratis nan lòt lang oswa nan lòt fòm, tankou nan gwo karaktè, nan ekriti bray oswa sou fòm aodyo. Si w gen pwoblèm vizyèl oswa tande, ou ka jwenn èd espesyal. Rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**, 7:00 a.m.–7:00 p.m., Lendi–Vandredi. Apèl la gratis.

Si ou gen yon kondisyon sante ki mande swen medikal kontinyèl, rele Sèvis Manm yo san pran tan. Pa egzanp: Si w bezwen fè operasyon; ou ansent; oswa si w ap wè yon espesyalis, resevwa terapi fizik, oswa sèvis sante nan kay, tanpri rele Sèvis Manm yo touswit.

Yo enkli liv enstriksyon manm ou a. Liv enstriksyon manm ou a ba ou anpil enfòmasyon ou bezwen konnen kòm manm UnitedHealthcare Community Plan. Li enpòtan anpil pou w li dokiman sa yo.

Enfòmasyon sa yo ap ede w jwenn sèvis swen sante atravè UnitedHealthcare Community Plan:

- Kat idantite w la bay non ak nimewo telefòn founisè swen prensipal ou (PCP). PCP w la ap trete w pou pifò bezwen swen sante w yo. Si ou pa vle PCP ki sou kat idantite w la, ou dwe rele Sèvis Manm UnitedHealthcare Community Plan pou chanje PCP ou a. PCP ou a dwe fè pati rezo founisè UnitedHealthcare Community Plan lan.
- Yon repètwa founisè bay lis non founisè ki fè pati rezo founisè UnitedHealthcare Community Plan lan. Pou pifò nan sèvis swen sante ou yo, ou dwe wè founisè ki fè pati rezo founisè UnitedHealthcare Community Plan lan. Manyèl manm ou a eksplike kijan pou w jwenn sèvis nan men founisè sa yo. Ou kapab tou rele Sèvis Manm yo pou èd.

Liv Enstriksyon pou Manb Ohio Department of Medicaid

- Si ou te mande yon repètwa founisè enprime lè ou te kontakte Liy Dirèk Medicaid la pou w chwazi yon plan swen ki kontwole, ou ta dwe resevwa repètwa a tou nan jou kap vini yo. Si ou pa t kontakte Liy Dirèk Medicaid la pou w enskri epi yo te asiye ou nan UnitedHealthcare Community Plan, ou ka mande yon repètwa founisè enprime lè w rele depatman Sèvis Manm lan nan **1-800-895-2017, TTY 711, 7:00 a.m. a 7:00 p.m., Lendi jiska Vandredi, oswa lè ou retounen kat postal ki founi an. Manm yo ka vizite sitwèb nou an tou nan myuhc.com/CommunityPlan pou wè dènye enfòmasyon rezo founisè yo.**

Si ou pa t resevwa atik ki anwo yo, oswa si ou pa konprann enfòmasyon yo, tanpri kontakte Sèvis Manm nou yo pi vit posib pou èd.

Si ou dwe deplase 30 kilomèt oswa plis soti lakay ou pou resevwa sèvis swen sante ki garanti, UnitedHealthcare Community Plan ap ofri transpò pou ale ak pou soti nan biwo founisè a. Anplis de sa, nou ofri transpò tou pou kèk lòt vizit founisè jan yo eksplike sa nan manyèl manm ou an. Lè ou se yon manm, ou ka rele **1-800-895-2017, TTY 711**, omwen 48 èdtan davans, pou pran randevou.

Anplis de asistans transpò UnitedHealthcare Community Plan ofri a, ou ka jwenn transpò pou kèk sèvis atravè pwogram Non-Emergency Transportation (NET) depatman lokal sèvis travay ak fanmi an. Rele depatman travay ak sèvis pou fanmi ki nan konte ou a pou kesyon oswa èd ak sèvis NET yo.

Entegrasyon Opasyonèl manm MCP

- Manm yon tribi Endyen ki rekonèt pa gouvènman federal, kèlkeswa laj yo
- Moun k ap resevwa sèvis dispans nan kay ak nan kominote a atravè Depatman Andikap Devlopman Ohio a (Ohio Department of Developmental Disabilities)

Eskli nan manm MCP

Moun sa yo pa gen dwa rantre nan UnitedHealthcare Community Plan:

- Doubleman elijib nan de pwogram Medicaid ak Medicare yo
- Enstitisyonnalize (nan yon mezon retrèt epi yo pa kalifye nan kategori ekstansyon pou granmoun, etablisman swen alontèm, ICF-IID, oswa kèk lòt kalite enstitisyon)
- K ap resevwa sèvis Medicaid Waiver epi ki pa kalifye nan kategori Ekstansyon pou granmoun

Si ou kwè ke oumenm oswa pitit ou reponn ak nenpòt nan kritè ki anwo yo epi ou pa ta dwe yon manm nan yon plan swen kontwole a, ou dwe rele liy dirèk Medicaid la nan 1-800-324-8680 (TTY 1-800-292-3572). Si nenpòt nan kritè ki anwo yo koresponn, y ap mete fen ak pwogram MCP ou a.

Si w gen kesyon sou nenpòt nan enfòmasyon ki anwo yo oswa lòt kesyon nou ka ede w, tanpri rele Sèvis Manm nou yo nan **1-800-895-2017, TTY 711**. Nou kontan genyen w kòm manm e nou kontan travay avèk ou pou pi bon swen sante.

Liv Enstriksyon pou Manb Ohio Department of Medicaid

ATTENTION: If you do not speak English, language services, free of charge, are available to you. Call toll-free **1-800-895-2017**, TTY **711**, 7:00 a.m.–7:00 p.m., Monday–Friday.

Si habla español (Spanish), tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al **1-800-895-2017**. TTY **711**.

English: **ATTENTION:** Translation and other language assistance services are available at no cost to you. If you need help, please call the toll-free number on your member identification card.

Spanish: **ATENCIÓN:** La traducción y los servicios de asistencia de otros idiomas se encuentran disponibles sin costo alguno para usted. Si necesita ayuda, llame al número gratuito que aparece en su tarjeta de identificación de miembro.

Haitian French Creole: **ATANSYON:** Gen tradiksyon ak lòt sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Si ou bezwen èd, tanpri rele nimewo gratis lan ki sou kat idantifikasyon ou kòm manm lan.

Somali: **DIGNIIN:** Turjumaada iyo adeegyada kale ee kaalmada luuqadda waxaad ku heleysaa lacag la'aan. Haddii aad u baahan tahay caawimaad, fadlan wac lambarka sida bilaashka loo waco ee ku yaala kaarkaaga aqoonsiga xubinnimo.

Ukrainian: **УВАГА!** Ви можете безкоштовно скористатися послугами перекладу та іншими послугами мовної підтримки. Якщо вам потрібна допомога, зателефонуйте за безкоштовним номером, вказаним у вашій ідентифікаційній картці учасника.

Arabic: تنبيه: تتوفر خدمات الترجمة وخدمات المساعدة اللغوية الأخرى لك مجانًا. إذا كنت بحاجة إلى مساعدة، يُرجى الاتصال بالرقم المجاني المدون على بطاقة تعريف العضو الخاصة بك.

Nepali: ध्यान दिनुहोस्: तपाईंका लागि अनुवाद र अन्य भाषा सहायता सेवाहरू निःशुल्क उपलब्ध छन्। मद्दतको अनुरोध गर्न, कृपया आफ्नो आइडी कार्डमा सूचीबद्ध टोल-फ्री फोन नम्बरमा सदस्यलाई कल गर्नुहोस्।

Si w gen pwoblèm pou li oswa konprann enfòmasyon sa yo oswa nenpòt lòt enfòmasyon UnitedHealthcare Community Plan, tanpri kontakte Sèvis Manm nou yo gratis nan **1-800-895-2017**, TTY **711**, 7:00 a.m.–7:00 p.m., Lendi–Vandredi pou èd gratis pou ou. Nou kapab eksplike enfòmasyon sa yo, an Anglè oswa nan lang prensipal ou a. Ou ka jwenn dokiman sa a gratis nan lòt lang oswa nan lòt fòm, tankou nan gwo karaktè, nan ekriti bray oswa sou fòm odyo. Rele gratis **1-800-895-2017**, TTY **711**, 7:00 a.m.–7:00 p.m., Lendi–Vandredi.

Liv Enstriksyon pou Manb Ohio Department of Medicaid

Byenveni nan UnitedHealthcare Community Plan. Kounye a ou se yon manm nan yon plan swen sante, ke yo rele tou plan swen kontwole (MCP). UnitedHealthcare Community Plan ofri sèvis swen sante pou moun ki abite Ohio ki elijib, tankou moun ki gen ti revni, moun ki ansent, tibebe, ak timoun, granmoun aje, ak moun ki gen andikap. Enfòmasyon yo bay nan Manyèl Manm sa a vle di yo sèvi kòm yon gid referans enfòmatif ak rapid.

UnitedHealthcare Community Plan pa ka fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, reliyon, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, orijin nasyonal, estati veteran, zansèt, eta sante, estati militè, idantite sèks, enfòmasyon jenetik oswa bezwen sèvis sante.

Liv Enstriksyon pou Manb Ohio Department of Medicaid

Li enpòtan pou w sonje ke ou dwe resevwa sèvis ki kouvri pa UnitedHealthcare Community Plan nan etablisman ak nan men founisè ki nan rezo UnitedHealthcare Community Plan. Founisè ki nan rezo UnitedHealthcare Community Plan yo dakò pou yo travay avèk plan sante w la pou ba w swen bezwen yo. Ale nan paj 65–72 pou w jwenn enfòmasyon sou sèvis ki kouvri pa UnitedHealthcare Community Plan yo. Sèl fwa ou ka konsilte founisè ki pa sou rezo UnitedHealthcare Community Plan lan se pou:

- sèvis ijans
- sant sante ki kalifye federalman (FQHC)/klinik sante riral (RHC)
- founisè ki kalifye pou planifikasyon famiyal
- enfimyè fanmsaj sètifye oswa enfimyè pratikan sètifye
- yon founisè andeyò rezo ke UnitedHealthcare Community Plan te apwouve w pou w wè

- Si ou te chwazi yon nouvo MCO epi ou gen nenpòt vizit medikal ki pwograme, tanpri rele nouvo plan w lan pou asire w ke founisè swen sante sa yo nan rezo founisè swen sante nouvo plan an epi ke yo travay sou tout papye ki nesèsè deja. Men kèk egzanp ki di lè ou ta dwe rele nouvo plan w lan: **lè ou gen yon randevou pou wè yon nouvo doktè, yon operasyon, tès san oswa radyografi pwograme epi espesyalman si ou ansent.**
- Si yo te pèmèt ou retounen nan Medicaid regilye epi ou gen nenpòt vizit medikal ki pwograme, tanpri rele founisè swen sante yo pou asire w ke yap pran kat Medicaid regilye a

Liv Enstriksyon pou Manb Ohio Department of Medicaid

Anilasyon asirans opsyonèl

Ou gen opsyon pou pa yon manm nan yon òganizasyon jesyon swen (MCO) si:

- ou se yon manm nan tribi Endyen ke rekonèt gouvènman an rekonèt, kèlkeswa laj ou
- ou se yon moun ki resevwa sèvis egzansyon lakay ou ak nan kominote a atravè Ohio Department of Developmental Disabilities (Depatman Andikap Devlopman Ohio)

Si ou kwè oumenm oswa pitit ou satisfè nenpòt nan kritè ki anwo yo epi ou pa vle yon manm nan yon òganizasyon jesyon swen, ou ka rele Liy Dirèk Medicaid la nan 1-800-324-8680 (TTY 1-800-292-3572). Si ou satisfè kritè ki anwo yo epi ou pa vle vin yon manm MCO, asirans ou a pral kanpe.

Eksklizyon — Moun ki pa gen dwa rantre nan yon MCO Medicaid.

Ou ka pa gen dwa rantre nan yon òganizasyon swen jere Medicaid (MCO) si ou:

- Elijibilite doub nan toude pwogram Medicaid ak Medicare yo;
- Enstitisyonnalize (nan yon etablisman swen enfimye epi yo pa kalifye nan kategori Ekstansyon pou granmoun, etablisman swen alontèm, etablisman swen entèmedyè pou moun ki gen andikap entelektyèl (ICF/Ild), oswa nenpòt lòt kalite enstitisyon); oswa
- Resevwa sèvis Ekzanpsyon Medicaid epi yo pa kalifye nan kategori Ekstansyon pou Granmoun.

* Si ou kalifye pou Medicaid nan kategori Ekstansyon pou Granmoun, ou pral resevwa sèvis etablisman swen enfimye ou atravè Òganizasyon Jsweyn Swen an. Anplis de sa, manm Ekstansyon pou Granmoun ki apwouve pou sèvis egzansyon yo ap rete nan Òganizasyon Swen Kontwole a.

Si ou panse oumenm oswa pitit ou satisfè nenpòt nan kritè ki anwo yo epi ou pa vle yon manm nan yon òganizasyon jesyon swen, ou ka rele Liy Dirèk Medicaid la nan 1-800-324-8680 (TTY 1-800-292-3572). Si ou satisfè kritè ki anwo yo, asirans MCO w la pral kanpe.

Èske UnitedHealthcare Community Plan ka kanpe asirans mwen an?

UnitedHealthcare Community Plan ka mande Ohio Department of Medicaid pou kanpe asirans ou an pou sèten rezon. Ohio Department of Medicaid dwe bay otorizasyon pou demann lan pase anvan yo ka kanpe asirans ou an.

Men rezon ki fè UnitedHealthcare Community Plan ka mande kanpe asirans ou an:

- Pou fwod oswa pou move itilizasyon kat Idantifikasyon UnitedHealthcare Community Plan ou an
- Pou konpòtman nuizib oswa dèske youn pa vle kolabore jiskaske li afekte kapasite MCO a pou ba ou oswa lòt manm yo sèvis

Liv Enstriksyon pou Manb Ohio Department of Medicaid

UnitedHealthcare Community Plan bay sèvis pou manm nou yo akòz yon kontra UnitedHealthcare Community Plan gen ak Ohio Department of Medicaid. Si ou vle kontakte Ohio Department of Medicaid, ou ka rele oswa ekri nan:

Ohio Department of Medicaid
Office of Managed Care
Bureau of Managed Care Compliance and Oversight
P.O. Box 182709
Columbus, Ohio 43218-2709
Telefòn: 1-800-324-8680
TTY: 1-800-292-3572

Ou kapab ale sou sitwèb Ohio Department of Medicaid sou entènèt la nan www.medicaid.ohio.gov.

Ou ka kontakte UnitedHealthcare Community Plan pou jwenn nenpòt lòt enfòmasyon ou vle ak estrikti ak operasyon UnitedHealthcare Community Plan epi fason nou peye founisè swen sante nou yo. Si ou vle fè n konnen sa ou panse nou ta dwe chanje, tanpri rele depatman Sèvis pou Manm yo nan **1-800-895-2017, TTY 711**.

Tablo sèvis Medicaid yo

Sèvis UnitedHealthcare Community Plan garanti

Antanke manm UnitedHealthcare Community Plan, w ap resevwa tout sèvis Medicaid garanti ki nesèsè medikalman gratis. Medikalman nesèsè vle di ou bezwen sèvis yo pou anpeche, dyagnostike, oswa trete yon pwoblèm medikal.

Si ou gen nenpòt kesyon sou benefis ou yo, tanpri pale ak PCP w la oswa rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**. Ou ka enskri tou nan myuhc.com/CommunityPlan epi fè rechèch sou "Avantaj" oswa itilize aplikasyon UnitedHealthcare pou jwenn plis enfòmasyon sou avantaj ou yo.

Sèvis	Pwoteksyon
Akiponkti pou trete sèten pwoblèm sante	Ganranti for jesyon doulè tèt fè mal ak doulè nan rèl do. Gen yon limit 30 konsiltasyon sof si li nesèsè medikalman.
Sèvis Alèji	Garanti
Anbilans ak transpò chèz woulant nan bis	Kouvri pou sitiyasyon ijans ni andedan ni deyò rezo a.

Sèvis	Pwoteksyon
Sèvis sante konpòtmantal, sante mantal ak tretman twoub konsomasyon sibstans	Garanti; rele Sèvis Manm yo pou jwenn sant/founisè swen sante kalifye oswa refèrè tèt ou dirèkteman nan yon Sant Sante Mantal ak Sèvis Adiksyon (OhioMHAS) sante mantal kominotè otorize oswa sant tretman otorize. Kijan pou kontakte liy kriz sante konpòtmantal 24 sou 24 la Ou ka rele nou tou si w nan kriz. Ou ka pale ak yon moun touswit epi nou ka ede w jwenn swen ou bezwen an. Jis rele liy kriz sante konpòtmantal nou an 24 sou 24 se 877-542-9236. Apèl sa a gratis. Liy pou Kriz Sante Konpòtman an disponib 24 sou 24, 7 jou sou 7, 365 jou pa ane. Pwogram tretman opyoyid: gen ladan Tretman Medikal ak Èd (MAT) ki gen ladan Suboxone, Buprenorphine, ak Methadone. • Tretman ak Baz Kominotè (ACT) pou manm ki gen 18 an oswa pi aje • Tretman Entansif Adomisil (IHBT). Sèvis sa a se pou moun ki gen laj 18 ak mwens pase 18; sepandan, nan kèk sikonstans ka disponib pou manm ki gen laj 18 pou rive 21. • Tretman konplè adiksyon, ki gen ladan sèvis ospitalizasyon rezidansyèl ak pasyèl
Sèvis enfimiyè famsaj asèmante	Garanti
Sèvis enfimiyè praktisyonè asèmante	Garanti
Sèvis chimyoterapi	Garanti
Sèvis kiwopraktik (do)	Garanti; 30 vizit pou chak ane almannak pou manm ki poko gen 21 an sof si li nesesè medikalman. 15 vizit pou chak ane almannak pou manm ki gen 21 an oswa ki pi aje.
Sèvis dantè	Garanti; de egzamen ak de netwayaj pou chak ane almanak, radyografi, plonbij, ekstraksyon senp, ratelye konplè ak pasyèl, anestezi jeneral ak kanal rasin anteryè (dan devan). Kèk pwosedi bezwen otorizasyon alavans.

Tablo sèvis Medicaid yo

Sèvis	Pwoteksyon
Sèvis terapi devlopmantral pou timoun ki fènk fèt jiska 6 zan	Garanti; otorizasyon alavans ka obligatwa.
Sèvis dyagnostik (radyografi, laboratwa)	Garanti; dyagnostik ak tèl laboratwa ke founisè swen Par garanti Kèk tèl ka bezwen otorizasyon alavans.
Sèvis doula	Garanti
Aparèy medikal dirab (pa egzant ponp pou tire lèt manman, sache pou estoke lèt manman, ekipman pou ede mache, pou tansyon)	Pifò atik DME ki mwen ke \$500 pral garanti ak yon preskripsyon bay yon komèsan ki patisipe • Gen restriksyon ki aplikab, al gade nan lis otorizasyon DME an. Perik pa yon sèvis ki garanti. – Nan Rezo a: DME garanti ponp pou tire lèt manman. Okenn otorizasyon alavans obligatwa pou founisè DME ki nan-rezo an. – Andeyò rezo a: Otorizasyon alavans obligatwa.
Sèvis dijans	Garanti; sèvis pou yon pwoblèm medikal ke w panse ki tèlman grav, yon doktè dwe trete tousuit.
Sèvis ak materyèl planin famiyal	Garanti
Sèvis Sant Sante Gouvènmantral Otorize (FQHC) ak Klinik Sante Riral (EHC)	Garanti
Sèvis sant akouchman tradisyonèl nan yon sant sante tradisyonèl	Rele sèvis manm yo pou w jwenn yon klinik nan ki kalifye nan Ohio.
Sèvis jinekolojik (OBGYN)	Garanti
Sèvis swen sante adomisil	Garanti; ka bezwen otorizasyon alavans.

Sèvis	Pwoteksyon
Swen palyatif	Otorizasyon alavans obligatwa pou ebèjman ak repa.
Sèvis lopital pou pasyan ki entène	Otorizasyon alavans oblitwa pou admisyon opsyonèl.
Swen matènite – prenatal ak apre akouchman, ki gen ladan sèvis gwosès ki gen risk	Garanti
Sèvis terapi alimantè medikal (MNT)	Garanti
Materyèl Medikal	Garanti; ka bezwen otorizasyon alavans.
Sèvis nan etablisman swen enfimye	Plan an ap kouvri rete pou manm yo sof si Ohio Department of Medicaid detèmine ke manm lan ap retounen nan frè pou sèvis Medicaid epi si manm lan bezwen sèvis enfimye, yo ta dwe rele plan an pou enfòmasyon sou founisè swen sante ki disponib yo.
Sèvis Pasyan ki pa entène	Garanti
Sèvis famasyen: Medikaman founisè swen sante administre (tout lòt sèvis famasi yo garanti pa Manadjè Kontra Inik Avantaj Famasi ODM (SPBM))	Garanti
Terapi fizik ak ègoterapi.	Garanti

Tablo sèvis Medicaid yo

Sèvis	Pwoteksyon
Egzamen fizik obligatwa pou travay oswa pou patisipe nan pwogram fòmasyon pwofesyonèl	Si okenn lòt sous pa bay li gratis, egzamen an garanti.
Sèvis doktè	Garanti
Sèvis podyatri (pye)	Garanti Nan-rezo — Okenn otorizasyon alavans obligatwa pou visit, sèten pwosedi ka oblije otorizasyon alavans. Gold Star PCP yo — Otorizasyon alavans pa obligatwa.
Mamogram prevantif, kansè nan tete ak tèst depistaj kansè matris	Garanti
Sèvis pwofesyonèl swen prensipal (Primary Care Provider [(PCP)])	Garanti
Sèvis swen enfimye prive	Garanti
Radyoloji (MRI, CT ak etid nikleyè)	Garanti; ka bezwen otorizasyon alavans.
Ensifizans renal (sèvis maladi ren)	Garanti

Sèvis	Pwoteksyon
Sèvis relèv nan swen	Ganranti: Kritè elijibilite avantaj relèv nan swen Ohio Department of Medicaid mete sou pye règleman pou avantaj sa a, ki gen ladann: • Ap viv ak moun ki plis pran swen l nan yon kay oswa yon apatman Pa nan fwaye dakèy. • Dwe gen yon responsab swen pou Plan y ap travay avè l • Oblije gen sèvis espesyalize oumwèn yon fwa pa semèn • Resevwa pou pi piti, 14 èdtan swen sante adomisil pou omwèn sis mwa anvan yo mande sèvis swen relèv nan swen • Sèvis se pou manm ki gen mwens ke 21 an ki gen LTC oswa bezwen BH • Manm ki gen 21 an oswa plis: pa garanti
Sèvis relèv nan swen (suit)	Kritè elijibilite avantaj swen sante konpòtmantal: Ohio Department of Medicaid mete sou pye règleman pou avantaj sa a, ki gen ladann: • Gen bezwen pou pi piti, 14 èdtan swen sante adomisil pou omwèn DE mwa suivi tousuit anvan dat yo mande sèvis swen relèv lan • Moun ki bay manm lan swen an bezwen pou yon repo tanporè nan bay manm lan swen akòz bezwen LTSS oswa sante konpòtmantal manm lan, oswa pou anpeche yon rete lopital, enstitisyonèl, oswa deyò kay la • Resevwa dyagnostik yon deranjman emosyonèl grav ki lakòz yon andikap fonksyonèl • Pa gen sentòm oswa konpòtman ki endike yon risk iminan pou moun nan fè tèt li mal oswa lòt moun mal
Tès depistaj ak konsèy pou obezite	Garanti

Tablo sèvis Medicaid yo

Sèvis	Pwoteksyon
Sèvis pou timoun ki gen andikap medikal (Tit V)	Garanti
Piki (vaksinasyon)	Garanti
Sèvis espesyalis	Garanti nan rezo a nan pifò ka
Sèvis sou lapawòl ak tande, tankou aparèy pou ede tande	Garanti
Sèvis telesante	Garanti; pwofesyonèl sante medikal ak konpòtmantal atravè telesante pou anpil maladi ak domaj, pwoblèm sante komen, randevou swivi ak tès depistaj epitou preskri medikaman(yo).
Sèvis sispanasyon tabak	Ki gen ladan konsèy pou sispann tabak ak medikaman FDA apwouve pou sispann tabak Ohio Tobacco Quit Line Rele 1-800-QUIT-NOW (1-800-784-8669) epi pale ak yon espesyalis ki la pou pran ou anchaj pou diskite sou asistans pou ede ou kite tabak.
Sèvis vizyon (optik), ki gen linèt ladan	Garanti; tout manm yo ka fè yon egzamen je chak 12 mwa. Yo gen yon chwa genyen tou linèt ak yon alokasyon monti linèt yo vann an detay ki rive jiska \$25 oswa alokasyon vant an detay pou \$150 nenpòt kalite vè kontak (dwe itilize youn alafwa) chak 12 mwa.
Egzamen byennèt timoun (Healthchek) pou timoun ki poko gen laj 21 an	Garanti; egzamen medikal, vizyon, dantè, tande, nitrisyonèl, devlopman, ak sante konpòtmantal, vaksinasyon (piki), ledikasyon sou sante, ak tès laboratwa anplis lòt swen pou trete pwoblèm fizik, konpòtmantal oswa lòt pwoblèm oswa eta yo jwenn nan yon egzamen.
Egzamen anyèl byennèt pou adilt	Garanti

Doktè w la dwe rele depatman Jesyon Itilizasyon UnitedHealthcare Community Plan an nan 1-800-366-7304 pou pran otorizasyon pou kèk sèvis.

Transpòtasyon

Si ou dwe vwayaje 30 mil oswa plis soti lakay ou pou resevwa sèvis swen sante ki garanti, UnitedHealthcare Community Plan pral ba ou transpòtasyon pou ale nan klinik founisè swen sante epi tounen lakay ou. UnitedHealthcare Community Plan garanti tou tout transpò ki nesesè pa anbilans oswa bis transpò chèz woulant, kèlkeswa distans lan. Tanpri rele Sèvis Manm UnitedHealthcare nan **1-800-895-2017**, TTY **711**, soti 7:00 am rive 7:00 pm, lendi rive vandredi, 48 èdtan davans (sòf si transpò a se pou yon egzeyat lopital) pou pwograme transpò ou oswa pou èd. Anplis de sa, UnitedHealthcare Community Plan ofri transpò pou randevou ijan menm jou oswa pwochen jou.

Anplis de asistans transpò UnitedHealthcare Community Plan ofri a, ou ka jwenn transpò pou kèk sèvis atravè pwogram Non-Emergency Transportation (NET) depatman lokal sèvis travay ak fanmi an. Rele depatman travay ak sèvis pou fanmi ki nan konte ou a pou kesyon oswa èd ak sèvis NET yo.

Avantaj adisyonèl UnitedHealthcare

Avantaj adisyonèl

UnitedHealthcare Community Plan ofri tou sèvis adisyonèl ak/oswa avantaj sa yo bay manm li yo.

Pwogram byennèt

UnitedHealthcare Community Plan gen anpil pwogram ak mwayen pou ede oumenm ak fanmi ou rete ansante, ki gen ladan:

- Klas pou ede moun kite fimen
- Swen gwosès ak klas sou edikasyon parantal
- Klas nitrisyon
- Rapèl swen sante

Founisè swen sante w la ka sijere youn nan pwogram sa yo pou ou. Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon, oswa jwenn yon pwogram tou pre ou, pale ak PCP w la oswa rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017, TTY 711**.

Zouti entelijan pou sante

- Manm yo ka ale nan myuhc.com/CommunityPlan pou ede jere sante yo. Sit la ede kenbe yon antesedan sou sante. Li edike sou travay ak doktè yo. Yo ka swiv tou vizit k ap vini yo.
- **Findhelp.org** — Yon pwogram sou entènèt. Pwogram lan ede manm yo jwenn sèvis tou pre kote y ap viv la. Jwenn èd manje, ede peye bòdwo, ak lòt pwogram pri redwi oswa gratis ki nan kòd postal ou.
- Antanke manm, oswa antanke gadyen yon manm UnitedHealthcare, ou ka kalifye pou **Pulsewrx 's Wireless Lifeline Service**. Manm ki kalifye yo pral resevwa yon plan sèvis telefòn mobil ak entènèt, gratis. Ale sou <https://www.mybenefitphone.com> pou aplike oswa jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan. Pare pou jwi sipò sante mobil gratis pou ou.

Live and Work Well Ou gen pwoteksyon

Li enpòtan pou w konnen ki kote pou w ale pou èd lè sa nesesè. Nou la pou manm nou yo. Ale sou [Liveandworkwell.com](https://liveandworkwell.com) pou dialoge dirèkteman sou sijè sante mantal.

Healthy First Steps™

Pwogram Healthy First Steps nou an asire ke tou de manman ak ti bebe jwenn bon swen medikal. Jwenn gwo rekonpans (8 rekonpans antou), tankou yon kat kado \$20,00 lè yon moun annik enskri. Enskri pou pwogram rekonpans matènite nou an. Pre-natal, akouchman, swen apre akouchman ansanm ak konsèy sou lansante pou oumenm ak tibebe w la pou.

Nou pral ede nou:

- Jwenn bon konsèy sou nitrisyon, kondisyon fizik ak sekirite
- Jwenn materyèl, tankou ponp pou manman k ap bay tete pou you tire rale lèt la
- Chwazi yon doktè oswa yon enfimiyè sajanm
- Pwograme vizit ak egzamen yo
- Fè aranjman transpò pou vizit kay doktè
- Konekte ak resous kominotè tankou sèvis Fanm, Tibebe ak Timoun (WIC)
- Jwenn swen apre tibebe w la fèt
- Chwazi yon pedyat (doktè timoun)
- Jwenn enfòmasyon sou planin familyal

Rele nou gratis nan **1-800-599-5985**, TTY **711**, soti 8:00 am rive 5:00 pm nan lè lès, lendi rive vandredi

Li enpòtan pou kòmanse swen gwosès bonè. Asire ou ke ou ale nan tout vizit doktè ou, menm si se pa premye ti bebe ou.

Wellhop

<https://momandbaby.wellhop.com>

Pou manman ak ti bebe konekte ak yon kominote manman.

Dantè

- Pa gen kopeman pou sèvis dantè
- Pou moun ki gen laj 21 an oswa plis, yon egzamen adisyonèl chak ane

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**.

Avantaj adisyonèl UnitedHealthcare

Vizyon

- Yon egzamen je chak ane
- \$ 150.00 alokasyon pou achte ak fikse lantiy kontak pou chak ane almanak

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017, TTY 711**.

Transpòtasyon

Anplis transpò obligatwa a, UnitedHealthcare Community Plan ofri sèvis transpò adisyonèl sa yo:

- Deplasman san limit pou gwosès, anvan akouchman, apre akouchman, randevou WIC, Inite Swen Entansif Neonatal (NICU) ak vizit byennè pou timoun ki poko gen 1 an
- Ranbousman mileyaj ki disponib pou transpòtasyon kay vizit founisè swen sante yo
- Transpòtasyon pou jwenn resous manje (bank manje, depo manje, pou al chèche pwovizyon devan makèt). (Sa a konte pami maksimòm 15 deplasman ale retou oswa 30 deplasman ale senp.)
- Lòt deplasman san limit ke yo pèmèt pou kalite deplasman swen kritik ki gen ladan dyaliz, chimèrik/ radyasyon, ta pran swen, gwosès, abi sibstans. (Sa a pa konte nan maksimòm deplasman de 15 vwayaj ale retou oswa 30 deplasman ale senp)

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017, TTY 711**.

Navigatè lojman

Bay sipò lè w evalye bezwen ak preferans lojman manm ki gen lojman enstab yo, idantifye opsyon lojman ki kalifye yo, epi ede nan pwosesis aplikasyon lojman an.

Si w ta vle jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017, TTY 711**.

Livrezon manje

- Livrezon manje apre egzeyat nan lopital pou jiska 14 jou pou manman ansent nou yo.

Si w ta vle jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017, TTY 711**.

Sou Wout Mwen

<http://www.uhcOMW.com>

Resous ki la pou manm pou ede yo fè pa pou vin endepandan.

Telesante

Telesante se yon metòd yo bay swen sante sou odyo e ak videyo. Olye pou w vini nan klinik la pou randevou ou, ou rete lakay ou epi sèvi ak smatfon ou, tablèt oswa òdinatè pou wè ak pale ak pwofesyonèl sante medikal ak konpòtmantal ou yo. Pa gen okenn pri pou itilize telesante epi telesante retire estrès ki vini ak lè w bezwen sèvis transpòtasyon.

Ou ka wè pwofesyonèl sante medikal ak konpòtmantal atravè telesante pou anpil maladi ak domaj, pwoblèm sante ki kouran, randevou swivi ak tès depistaj e pou preskripsyon medikaman(yo).

Tcheke avèk founisè swen sante ou yo pou wè si yo ofri telesante.

Si w ta vle jwenn plis enfòmasyon, rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**.

App UnitedHealthcare®

UnitedHealthcare Community Plan gen yon nouvo app pou manm. Li rele UnitedHealthcare® app. Aplikasyon an disponib pou tablèt ak smatfon Apple® oswa Android® yo. Aplikasyon UnitedHealthcare rann li fasil pou:

- Jwenn yon doktè, ljans oswa yon sant swen ijan toupre w
- Gade kat Idantite w la
- Li manyèl manm ou a
- Aprann sou avantaj ou yo
- Kontakte Sèvis Manm yo

Telechaje aplikasyon UnitedHealthcare jodi a gratis. Sèvi ak li pou konekte avèk plan sante ou nenpòt kote ou ye, nenpòt lè ou vle.

Rekonpans pou lasante

Yon ons prevansyon ka vo yon liv gerizon, Li ka vo anpil rekonpans tou. Pou jwenn enfòmasyon sou pwogram ki rekonpanse ou pou atenn sèten objektif sante ale nan:

www.uhccommunityplan.com/oh sou rekonpans Healthy.

Jwenn gwo kado pou ou oswa pou pitit ou a lè w fè bagay tankou:

- Mennen pitit ou al nan vizit byennèt
- Fè tès laboratwa
- Swen prevantif an tès depistaj
- Vaksinasyon

Avantaj adisyonèl UnitedHealthcare

Pwogram Dr. Health E. Hound®

Nou fyè de maskot nou an — Dr. Health E. Hound. Objektif Dr. Health E. Hound se ede anseye pitit ou fason enteresan pou rete anfòm ak ansante. Dr. Health E. Hound renmen vwayaje nan eta a epi rankontre timoun ki gen tout laj. Li renmen distribye to liv, postè, avèk ti otokolan ak liv pou desinen pou fè timoun yo sonje manje manje ki kon bon pou sante yo epi fè egzèsis. Li ede timoun yo konprann tou ke ale kay doktè pou konsiltasyon epi pran vaksen se yon fason enpòtan pou rete ansante.

Ou menm ak fanmi ou ka rankontre Dr. Health E. Hound an pèsòn nan kèk nan aktivite plan sante nou yo. Nou ankouraje w vini nan yon aktivite pou plis enfòmasyon sou enpòtans ki genyen nan manje manje ki pou lasante ak fè egzèsis. Pote yon kamera nan aktivite sa yo konsa w ap pran yon foto ak Dr. Health E. Hound.

Paj sa a rete vid pou yon rezon.

Lòt detay sou plan an

Lòt detay sou plan

Jwenn yon founisè swen sante ki nan rezo a

Nou fèl fasil pou w jwenn yon founisè swen sante ki nan rezo a. Pou w jwenn yon founisè swen sante ki nan rezo a ki tou pre ou:

Ale sou myuhc.com/CommunityPlan pou enfòmasyon ki pi ajou.
Klike sou "Jwenn yon Founisè Swen Sante."

Rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**. Nou ka chèche founisè swen ki nan rezo a pou ou. Oswa, si w vle, nou ka voye yon Anyè Founisè Swen Sante pa lapòs pou ou.

Anyè Founisè Swen Sante

Ou gen yon anyè founisè swen sante ki disponib pou ou nan zòn ou an. Anyè a bay lis adrès ak nimewo telefòn founisè swen sante ki nan rezo nou an.

Enfòmasyon founisè swen sante yo chanje souvan. Ale sou sit entènèt nou an pou lis ki pi ajou an sou myuhc.com/CommunityPlan. Ou ka wè oswa enprime anyè founisè swen sante a sou myuhc.com/CommunityPlan, oswa klike sou "Jwenn yon Founisè Swen Sante" pou itilize anyè rechèch sou entènèt nou an.

Ou ka jwenn anyè founisè swen sante ki pi resan an sou myuhc.com/CommunityPlan oswa app UnitedHealthcare. Si ou ta renmen yon kopi enprime anyè nou an, tanpri rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**, epi nou pral voye youn ba ou.

Mèsi dèske w se yon bonjan manm UnitedHealthcare Community Plan.
Si w ap chèche nenpòt sèvis vizyon oswa dantè, ou ka jwenn lis founisè nan:

Founisè swen vizyon – <https://www.marchvisioncare.com/>

Founisè swen dantè – myuhc.com

Oswa pou jwenn yon founisè swen vizyon oswa dantè tanpri rele **1-800-895-2017**, TTY **711**, oswa ale sou myuhc.com.

Si ou resevwa yon bòdwo pou sèvis yo

Lopital ak doktè pa ka voye bòdwo bay manm yo pou sèvis ki gen garanti yo. Si ou resevwa yon bòdwo, rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**. Yon reprezantan pral travay avèk ou pou chèche konnen si ou dwe peye bòdwo a oswa si ou ta dwe voye li ban nou nan:

Medicaid Program
UnitedHealthcare Community Plan
5600 Parkwood Place
Dublin, OH 43016

Kenbe yon kopi bòdwo a pou tèt ou. Nou pral revize bòdwo sa yo pou asire ke sèvis yo garanti nan avantaj yo. Si yo garanti, nou pral peye founisè swen sante a imedyatman. Rele Manm Sèvis yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**, si w gen ankenn kesyon.

Founisè swen sante yo pral voye bòdwo bay asirans prensipal ou an premye. Apre asirans prensipal ou an peye kantite lajan yo pèmèt, founisè swen an a pral voye bòdwo bay UnitedHealthcare Community Plan. UnitedHealthcare Community Plan pral peye founisè a kantite lajan ki te dakò nan kontra nou an ak founisè swen an.

Direktiv davans

Yon Direktiv davans se yon seri etap ekri ou vle yo pran lè ou pa ka fè chwa swen sante pou tèt ou ankò. Li di ki swen sante ou vle oswa ou pa vle. Ou ta dwe pale sou sa w swete ak doktè ou, fanmi ou ak zanmi ou yo. Etap sa yo pa pral chanje avantaj swen sante ou yo. Kèk egzanp Direktiv Davans genyen ladan yo:

Testaman vivan

Yon testaman vivan di doktè w ki kalite metòd ou vle yo itilize oswa pa itilize pou yo kenbe w vivan.

Pwokirasyon pou swen sante

Nan fòm sa a, ou nonmen yon lòt moun ki ka fè chwa sou sante w pou ou. Li ta dwe itilize sèlman si ou pa ka fè chwa pou tèt ou.

Deklarasyon pou Tretman Sante Mantal

Yon Deklarasyon pou Tretman Sante Mantal bay plis atansyon espesifik sou swen sante mantal. Li pèmèt yon moun, pandan li kapab, nonmen yon mandatè pou l pran desizyon nan non li lè li pa gen kapasite pou l pran yon desizyon. Anplis de sa, deklarasyon an ka endike sèten dezi konsènan tretman. Moun nan ka endike preferans medikaman ak tretman, ak preferans konsènan admisyon/retansyon nan yon etablisman.

Deklarasyon pou Tretman Sante Mantal la ranplase yon Pwokirasyon Pèmanan pou swen sante mantal, men li pa ranplase yon Testaman Vivan.

Ou ka mande doktè ou pou plis enfòmasyon sou Direktiv Davans yo. Ou ka jwenn kèk echantyon fòm tou sou [Familydoctor.org](https://www.familydoctor.org).

Ki kalite fòm ki genyen?

Dapre lalwa Ohio, gen kat diferan fòm, oswa Direktiv Davans, ou ka itilize. Ou ka itilize swa yon Testaman Vivan, yon Deklarasyon pou Tretman Sante Mantal, oswa yon Pwokirasyon Pèmanan pou swen medikal oswa yon Òdonans pou Pa Resisite (DNR). Ou ranpli yon Direktiv Davans pandan w kapab aji pou tèt ou. Direktiv Davans la pèmèt doktè ou ak lòt moun konnen volonte ou sou swen medikal.

Òdonans Pa Resisite

Reglemantasyon eta yo ofri yon Swen Konfo ak Pwotokòl Arè Swen Konfò Òdonans Pa Resisite (DNR) jan Ohio Department of Health devlope l la. Yon Lòd DNR vle di yon direktiv yon doktè oswa, nan sèten sikonstans, yon enfimye praktisyen sètifye oswa yon espesyalis enfimye klinikal, ki idantifye yon moun epi ki presize ke yo pa ka bay CPR a moun ki idantifye a. CPR vle di reanimasyon kadyopulmonè oswa yon eleman nan reanimasyon kadyopulmonè, men li pa gen ladan ouvri pasaj lè yon moun pou yon rezon ki pa yon eleman nan CPR.

Swen Konfò ak Pwotokòl Arè Swen Konfò DNR la bay lis aksyon espesifik pèsonel paramedikal, teknisyen ijans medikal, doktè oswa enfimye yo pral pran lè yo ale nan yon lòd Swen Konfo ak Pwotokòl Arè Swen Konfò DNR. Pwotokòl la tou make ki aksyon espesifik yo pa pral pran.

Ou ta dwe pale ak doktè ou sou lòd ak opsyon pwotokol Swen Konfo ak Arè Swen Konfò DNR la

Lòt detay sou plan an

Fwod ak abi

Nenpòt moun ka rapòte fwod ak abi potansyèl. Si ou vin okouran de fwod oswa abi, rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**, pou rapòte li. Kèk egzanp fwod ak abi se:

- Resevwa avantaj nan Ohio ak yon lòt eta an menm tan
- Chanje oswa fòje preskripsyon
- Yon moun k ap resevwa avantaj Asistans Medikal ki pa kalifye pou avantaj yo
- Bay yon kat ID UnitedHealthcare Community Plan pou yon lòt moun pou itilize
- Twòp itilizasyon oswa twòp itilizasyon avantaj Medicaid yo
- Doktè oswa lopital ki voye bòdwo ba ou a oswa bay UnitedHealthcare pou sèvis ki pa t bay ou
- Doktè oswa lopital ki voye bòdwo bay UnitedHealthcare plis pase yon fwa pou sèvis ou te genyen sèlman yon fwa
- Doktè ki soumèt fo dokiman bay UnitedHealthcare pou ou ka resevwa sèvis ke yo bay sèlman lè sa nesese medikalman

Ou ka ekri ODI tou nan:

Ohio Department of Insurance: Fraud Unit
2100 Stella Court
Columbus, OH 43215

Liy dirèk pou fwod ak abi

Ou ka rapòte fwod ak abi w sispèk tou bay UnitedHealthcare Community Plan lè w rele gratis nan 1-877-766-3844 epi kite yon mesaj detaye. Li fèt yon fason tou pou ou pa bezwen bay non ou.

Sonje: Pa janm bay kat ID manm ou bay nenpòt lòt moun pou itilize.

Rapòte ensidan

Envestigasyon and rapò sou ensidan

UnitedHealthcare ak Eta Ohio a oblije fè aktivite investigasyon ensidan pou asire ou pwoteje epi ansekirite kont danje. Aktivite sa yo genyen ladan yo:

- Pran mezi imedyat pou asire sante w ak byennèt ou, epi si sa apwopriye, asire w ke w jwenn swen medikal
- Gade ensidan pou asire sante ak sekirite ou epi anpeche ensidan rive ankò
- Chèche pwen pou wè si oumenm ouwa founisè swen w yo ta ka benefisye de edikasyon nan yon domèn an patikilye
- Asire founisè swen w yo konnen kijan pou kenbe ou ansekirite epi pa lakòz ou okenn danje
- Enfòme w de rezilta ankèt la ak investigasyon yon ensidan kritik epi devlope potansyèlman yon plan prevansyon pou diminye risk pou ensidan an rive ankò

Kisa ensidan yo ye?

Yon "ensidan" se yon evènman sipoze, sispèk, ouwa aktyèl ki pa matche avèk swen woutin ou ak/oswa jan w abitye resevwa sèvis. Ensidan kritik gen ladan nenpòt nan sa ki annapre yo: Ensidan kritik gen ladan nenpòt nan sa ki annapre yo:

- Abi: domaj, anprizònman, kontwòl, entimidasyon, ouwa pinisyon yon moun, ki lakòz domaj fizik, doulè, laperèz, ouwa enkyetid mantal. Abi gen ladan abi fizik, emosyonèl, vèbal, ak/oswa seksyèl, itilizasyon fòs, sekestrasyon, ouwa aksyon ak restriksyon san otorizasyon.
- Neglijans: lè li se yon devwa pou fè sa, pa bay tretman, swen, pwodui, ouwa sèvis ki nesesè pou kenbe sante ou ak byennèt ou, ki gen ladan neglijans yon moun fè sou tèt li
- Eksplowatasyon: zak ilegal ouwa move itilizasyon yon manm ouwa resous yon manm lè l sèvi avèk manipilasyon, entimidasyon, menas, desepsyon, ouwa fòse pou avantaj monetè ouwa pèsònèl, pwofi, ouwa benefis
- Move itilizasyon: refize, twonpe ouwa pran lajan nenpòt kijan ouwa byen reyèl ouwa pèsònèl (ki gen ladan medikaman ki preskri) ki pou ou pa nenpòt mwayen lalwa entèdi ki ta ka gen enpak sou sante ou ak byennèt ou
- Lanmò ki pa natirèl ouwa lanmò aksidantèl
- Lè moun fè tèt yo mal ouwa tantativ suisid tankou yon tantativ fizik yon moun fè pou fè tèt li mal ki vin lakòz tretman sal ijans, pasyan an obsèvasyon, ouwa admisyon lopital

Lòt detay sou plan an

Si w gen kesyon, tanpri rele UnitedHealthcare nan **1-800-895-2017**, TTY **711**, 7:00 am rive 7:00 pm, lendi rive vandredi. Apèl la gratis. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou myuhc.com/communityplan.

Kisa pou fè si nenpòt nan bagay sa yo rive?

Kijan pou rapòte yon ensidan: Ou menm ak/oswa reprezantan ou otorize ou oswa gadyen legal ou ta dwe rapòte ensidan bay Responsab Swen w la ou bay oswa sèvis manm UnitedHealthcare.

Si ensidan an grav epi ou kwè sante ou ak byennèt ou an danje, ou ta dwe fè otorite konsène yo konnen sa. Si ou pa sèten ki moun pou kontakte, mande responsab swen w lan oswa sèvis manm UnitedHealthcare. Otorite konsène an depann de nati ensidan an.

Egzanp ensidan grav gen ladan men yo pa limite a sa ki annapre yo:

Ijans medikal: Si ou gen yon ijans medikal, rele doktè ou oswa **911**.

Ou dwe pale ak Responsab Swen w lan sou sitiyasyon ki ba ou enkyetid oswa ak Sèvis Manm UnitedHealthcare. Li pi bon pou w ale kote yo ak enkyetid sa yo anvan yo vin yon ijans.

Abi, neglijan, oswa eksplwatasyon yon granmoun ki gen plis pase 60 an: Si ensidan an gen pou wè ak gen abi, eksplwatasyon, oswa neglijan sou yon granmoun ki gen 60 an oswa plis, kontakte Sèvis Pwoteksyon pou Granmoun (APS) nan konte kote moun nan abite oswa kote ensidan an te fèt la. Pandan lè ki pa nan lè biznis, kontakte lapolis lokal. Pou jwenn nimewo ajans lokal APS ou a, klike oswa ale sou https://jfs.ohio.gov/county/County_Directory.pdf.

Sèvis Pwoteksyon pou Timoun: Si ensidan an gen pou wè ak abi, eksplwatasyon, oswa neglijan kontakte Sèvis Pwoteksyon pou Timoun nan konte kote moun nan abite oswa kote ensidan an te fèt la. Pandan lè ki pa nan lè biznis kontakte lapolis lokal. Pou jwenn nimewo pou ajans lokal CPS ou a, klike oswa ale sou jfs.ohio.gov/county/County_Directory.pdf.

Aktivite kriminel: Si ensidan an gen pou wè ak konduit ou kwè ki ka kriminel, rele lapolis lokal ou a.

Fwod Medicaid: Si ou sispèk ensidan an gen ou wè ak fwod Medicaid, depoze yon plent kote Pwokirè Jeneral Ohio a. Pou kontakte yo, klike oswa ale sou <http://www.ohioattorneygeneral.gov/About-AG/Contact>.

Gadyen legal: Si ensidan gen pou wè ak yon gadyen legal, ou ka kontakte tribinal pwobasyon lokal ou a. Pou jwenn tribinal lokal ou a, klike oswa ale sou <https://www.supremecourt.ohio.gov/courts/judicial-system/ohio-trial-courts/>.

Ajans ki defann kòz

Òganizasyon ki ka edike ou epi plede pou enterè ou yo.

Enkyetid sou UnitedHealthcare: Si ou gen enkyetid sou UnitedHealthcare kontakte responsab swen w lan oswa sèvis manm UnitedHealthcare. Si ou santi UnitedHealthcare pa adrese enkyetid ou yo, ou ka chèche èd nan men ODM lè ou kontakte Liy Asistans Konsomatè Medicaid la. Klike oswa ale sou <http://www.ohiomh.com/> oswa rele nan 800-324-8680.

Medyatè: Medyatè pou swen alontèm nan Ohio transmèt bezwen ak enkyetid manm yo konsènan sèvis swen alontèm nan etablisman yo bay swen enfimye yo, bay ajans swen sante adomosil, ak lòt founisè swen. Yo pral travay avèk founisè swen alontèm UnitedHealthcare epi avè w, ak fanmi w, oswa lòt reprezantan pou rezoud pwoblèm ak enkyetid ou ka genyen konènan kalite sèvis ou resevwa yo. Pwogram Medyatè Rejyonal Swen Alontèm ede pwoteje moun. Rele biwo leta a nan 1-800-282-1206 oswa imèl OhioOmbudsman@age.ohio.gov pou w jwenn èd.

Ohio Association of Centers for Independent Living (CIL): CILs ede asire moun ki gen andikap gen bonjan aksè nan kominote yo espere viv yo epi tou gen aksè ak opòtinite pou pran desizyon ki afekte lavi yo, epi kapab fè aktivite yo chwazi yo menm. Pou plis enfòmasyon, klike sou oswa ale sou <http://www.ohiosilc.org/>.

Èd Legal: Bay asistans legal pou pwoteje epi ranfòse dwa legal Ohioans ki pap fè gwo lajan. Rele 866-LAW-OHIO.

Dwa sou Andikap Ohio: Defansè dwa moun, sivil, ak legal moun ki gen andikap nan Ohio. Pou plis enfòmasyon, klike sou oswa ale nan <http://www.disabilityrightsohio.org/> oswa rele 614- 466-7264 oswa 800-282-9181.

Rekonesans Manyèl Manm UnitedHealthcare

Mwen resevwa Manyèl Manm UnitedHealthcare la Li gen ladan l enfòmasyon sou dwa mwen ak pwoteksyon mwen, ak kijan pou rapòte ensidan ki sispèk yo.

Siyati manm lan: _____ (oswa Reprezantan Otorize)

Dat: _____

Si w gen kesyon, tanpri rele UnitedHealthcare nan **1-800-895-2017**, TTY **711**, 7:00 am rive 7:00 pm, lendi rive vandredi. Apèl la gratis. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou myuhc.com/communityplan.

Lòt detay sou plan an

Opinyon ou konte

Èske ou gen nenpòt lide sou fason ou ta amelyore UnitedHealthcare Community Plan? Gen anpil fason ou fè nou konnen sa ou panse.

- Rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017**, TTY **711**

- Ekri nou nan:

UnitedHealthcare Community Plan
5600 Parkwood Place
Dublin, OH 43016

Konsèy Konsiltatif Manm yo

Konsèy Konsiltatif Manm yo se yon konsèy konsiltatif pou asire ke UnitedHealthcare angaje konsomatè yo, fanmi yo, gwoup defans, ak lòt moun ki gen enterè kle kòm patnè aktivman nan konsepsyon pwogram swen konplèks ak sistèm bay swen an.

Ki moun ki ka rantre ladann?

- Manm Plan UnitedHealthcare Community Plan yo
- Manm fanmi ak moun k ap bay manm UnitedHealthcare Community Plan swen
- Reprezantan ki soti nan gwoup defans kominotè ak konsomatè yo

Patisipan yo ka:

- Pataje fidbak ak lide ak ekip UnitedHealthcare
- Patisipe nan yon apèl chak mwa ak lidè UnitedHealthcare sou sante ak byennèt
- Patisipe nan yon reyinyon rejyonal anyèl
- Enskri pou fòmasyon sou defans gratis

Pou enfòmasyon sou konsèy konsiltatif la, kontakte:

Kontakte sèvis manm nan **1-800-895-2017**, TTY **711**

Komite Konsiltatif Manm yo

Nou gen tou yon Komite Konsiltatif Manm ki rankontre chak twa mwa. Si ou ta renmen rantre nan youn, rele Sèvis Manm yo.

Ekip jesyon itilizasyon

UnitedHealthcare Community Plan pa vle ou jwenn twòp swen oswa swen ou pa reyèlman bezwen. Nou dwe asire tou ke swen ou resevwa a se yon avantaj ki ganranti. Nou itilize jesyon itilizasyon (UM) pou asire nou ke w ap resevwa bonjan swen nan bon moman ak nan bon kote.

Gen kèk tretman ak pwosedi tou ke nou dwe revize anvan ou ka jwenn yo. Founisè swen ou yo konnen sa yo ye, epi yo toujou fè nou konnen pou revize yo. Revizyon nou fè a rele Revizyon Itilizasyon. Nou pa rekonpanse pèsounn dèske yo di yo pa bezwen swen ke yo bezwen. Si ou gen kesyon sou UM, ou ka pale ak anplwaye Jesyon Swen Medicaid nou yo. Enfimyè nou yo disponib soti 8:00 am rive 5:00 pm, lendi rive vandredi nan 1-800-504-9669, TTY 711; èd lang disponib.

Pwogram de Kalite

Pwogram de kalite nou an ka ede w rete an sante pandan w ap travay ak doktè ou. Pwogram de Kalite a ede w sonje pou w pran tès prevansyon ak vaksen. Nou voye ba ou ak founisè swen w lan ou rapèl sou tès plon, tès Pap, mamogram ak vaksen ki anpeche maladi tankou polyo, malmouton, lawoujòl ak saranpyon.

UnitedHealthcare Community Plan itilize estanda HEDIS® pou konnen kijan n ap degaje n ak pwogram Kalite nou an. HEDIS se yon seri estanda mezi pèfòmans ak nòt pou ede moun konpare pèfòmans plan jesyon swen yo. HEDIS etidye anpil domèn, tankou swen anvan akouchman ak pwogram prevansyon maladi.

UnitedHealthcare Community Plan vle asire ke w kontan ak sèvis ou jwenn nan men doktè w epi nan men nou. Pou fè sa, nou gade nan done CAHPS®. CAHPS vle di Evalyasyon Konsomatè Founisè ak Sistèm Swen Sante yo. Sondaj sa a poze kesyon pou wè nan ki pwèn ou kontan ak swen ou resevwa a. Si ou jwenn yon sondaj manm nan lapòs la, tanpri ranpli li epi retounen li ban nou.

UnitedHealthcare Community Plan gade rezilta HEDIS ak CAHPS yo. Apre sa, nou pataje rezilta yo ak founisè swen nou yo. Nou travay avèk founisè swen yo pou asire n ke sèvis yo ba ou yo ak sèvis nou ba ou yo kontribye pozitivman nan swen sante ou.

Si ou ta renmen konnen plis sou pwogram kalite a, rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017, TTY 711.**

Sekirite ak pwoteksyon kont diskriminasyon

Sekirite pasyan yo enpòtan anpil pou nou. Byenke nou pa dirije swen yo, nou vle asire ke manm nou yo resevwa swen nan bon kondisyon. Nou swiv pwoblèm kalite swen, devlope direktiv pou ankouraje swen nan bon kondisyon, bay manm yo enfòmasyon sou sekirite pasyan yo, epi travay avèk lopital, doktè ak lòt moun pou amelyore kontinwite ak kowòdinasyon ant sit swen yo. Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou sekirite pasyan yo oswa kote pou jwenn enfòmasyon, rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017, TTY 711**.

UnitedHealthcare Community Plan ak founisè swen li yo entèdi pou fè diskriminasyon kont nenpòt moun akòz laj, ras, etnisite, relijyon, koulè, sèks, idantite sèks, oryantasyon seksyèl, andikap, orijin nasyonal, estati militè, estati veteran, zansèt, enfòmasyon jenetik, estati sante, oswa bezwen sèvis sante lè yap resevwa sèvis sante yo. Founisè UnitedHealthcare Community Plan yo dwe swiv Lwa Ameriken ki gen Andikap yo epi yo pa ka fè diskriminasyon sou baz sante oswa sante mantal, bezwen swen sante oswa sou pwoblèm sante ke yo te deja genyen anvan. Si w panse ou te sibi nenpòt fòm diskriminasyon, tanpri rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017, TTY 711**, tousuit.

Gid pratik klinikal ak nouvo teknoloji

UnitedHealthcare Community Plan bay founisè swen nou yo direktiv klinikal ki gen enfòmasyon sou pi bon fason pou bay swen pou kèk pwoblèm sante. Chak direktiv klinikal se yon estanda swen ki akseptab nan pwofesyon medikal la, ki vle di lòt doktè dakò ak apwòch sa a. Nou vle amelyore sante w lè nou bay founisè swen nou yo enfòmasyon ki sipòte pratik klinikal yo, ki konsistan avèk estanda swen yo rekonèt nasyonalman.

Si ou gen nenpòt kesyon sou direktiv klinikal UnitedHealthcare Community Plan oswa ou ta renmen yon kopi papye yon gid pratik klinikal, tanpri rele Sèvis Manm yo nan **1-800-895-2017, TTY 711**. Ou ka jwenn direktiv pratik klinikal yo tou sou sit entènèt nou an nan myuhc.com/CommunityPlan.

Evalyasyon nouvo teknoloji

Gen kèk pratik medikal ak tretman ki poko pwouve efikasite yo. Nouvo pratik, tretman, tès ak teknoloji yo revize nasyonalman pa UnitedHealthcare Community Plan pou pran desizyon sou nouvo pratik ak tretman medikal ak pou ki pwoblèm yo ka itilize yo. Se yon komite doktè, enfimye, famasyen ak ekspè envite UnitedHealthcare Community Plan ki revize enfòmasyon sa a pou pran desizyon final sou pwoteksyon. Si ou ta renmen plis enfòmasyon sou fason nou pran desizyon sou nouvo pratik ak tretman medikal, rele nou nan **1-800-895-2017, TTY 711**.

Responsabilite ou kòm manm

Kòm yon manm UnitedHealthcare Community Plan, ou gen responsablite:

- Pou konprann kijan UnitedHealthcare Community Plan travay lè w li manyèl sa a
- Pou chwazi Founisè Swen Prensipal ou
- Pou pote kat UnitedHealthcare Community Plan ou. Ou dwe montre kat ou lè w ap resevwa sèvis yo epi ou dwe rapòte yon kat yo vòlè oswa pèdi pi vit ke posib. Ou dwe tou enfòmè UnitedHealthcare Community Plan sou nenpòt lòt asirans ou ka genyen, epi ou dwe prezante enfòmasyon asirans aktyèl bay Founisè Swen Prensipal ou.)
- Pou chèche swen medikal lè sa nesesè
- Pou w alè pou tout randevou yo
- Pou di biwo Founisè Swen Prensipal ou a oswa nenpòt biwo medikal si ou bezwen chanje yon randevou
- Pou respekte dwa ak pwopriyete Founisè Swen Prensipal ou, lòt travayè swen sante, ak lòt pasyan
- Pou konnen ki lè pou w pran medikaman ou, kijan pou w pran medikaman ou epi swiv enstriksyon doktè ou pou swen ou te dakò pou swiv
- Pou bay bon enfòmasyon medikal ak nenpòt enfòmasyon ki nesesè pou bay swen ou bay UnitedHealthcare Community Plan ak founisè swen sante ou yo
- Asime tout responsablite w yo, reflechi sou konsekans desizyon ou si ou refize swen (di non pou tretman), epi poze kesyon si ou pa konprann
- Pou konprann pi byen pwoblèm sante ou epi patisipe mityèlman nan devlopman tretman ke ou dakò
- Pou asire ke Founisè Swen Prensipal ou gen tout dosye medikal ou. (Sa a gen ladan tout dosye medikal nan men lòt doktè.)
- Pou fè UnitedHealthcare Community Plan konnen si ou nan lopital. (Fè sa nan 24 èdtan oswa pi vit ke posib.)
- Konsantman pou itilize kòrèk enfòmasyon sou sante w
- Pou kenbe kalifikasyon Medicaid ou aktyèl pou pa pèdi manm UnitedHealthcare Community Plan

Tèminoloji jesyon swen

Abi Fè yon moun mal an espè. (Enkli kriye, inyorè bezwen yon moun ak manyen ki pa apwopriye.)

Direktiv Alavans: Yon desizyon sou swen sante ou ke ou pran davans nan ka ou pa janm kapab pale pou tèt ou. Sa ap fè fanmi ou ak doktè ou konnen ki desizyon ou ta pran si ou te kapab.

Apèl Demann yon manm UnitedHealthcare Community Plan pou revize yon detèminasyon avantaj ki pa favorab.

Otorizasyon: Yon OK oswa konsantman pou yon sèvis.

Avantaj: Sèvis, pwosedi ak medikaman ki UnitedHealthcare Community Plan pral kouvri pou ou.

Kopeman: Yon kantite lajan fiks yon manm peye pou yon sèvis swen sante ki kouvri.

Dezabòn: Pou sispann manm ou nan UnitedHealthcare Community Plan.

Ekipman medikal dirab: Ekipman ki ka andire itilizasyon repete, sitou ak abityèlman itilize pou sèvi yon objektif medikal, jeneralman pa itilize yon moun nan absans maladi oswa aksidan, epi li apwopriye pou itilize nan kay la.

Ijans: Yon chanjman toudenkou e inatandi nan kondisyon fizik oswa mantal yon moun ki, si yon pwosedi oswa tretman pa fèt imedyatman, ka lakòz (1) pèt lavi oswa yon manm, (2) defisyanans enpòtan nan yon fonksyon kòporèl, oswa (3). domaj pèmanan nan yon pati nan kò oswa nan sante timoun ki poko fèt la. (Sante Mantal: Menas touye tèt ou, touye moun oswa blese pwòp tèt ou, mani oswa sikoz ki bezwen swen medikal imedyata.)

Kondisyon medikal ijans: Yon kondisyon medikal ki manifeste pa sentòm fenk parèt ki gen ase severite (ki gen ladan doulè grav) ke yon pwofèsyon pridan, ki gen yon ti konesans nan sante ak medikaman, pou ta ka atann ke si w pa chèche swen medikal imedyat li te ka lakòz youn nan efè sa yo: seryezman mete sante moun nan an danje (oswa, nan ka yon fanm ansent, sante fanm nan oswa timoun ki poko fèt); seryezman afekte fonksyon kòporèl; oswa lakòz malfonksyonman grav nan yon ògàn oswa yon pati nan kò a.

Transpò Medikal Ijans: Transpò, pa anbilans, moun ki malad, blese oswa lòt moun ki pa gen kapasite ki bezwen swen medikal ijans.

Ijans – Sante Mantal ki pa menase lavi: Lè sentòm yo fenk devlope, men yo pa menase lavi, tankou lide swisid san yon plan pou aplike oswa manm lan ap kòmanse montre siy mani oswa sikoz.

Swen Sal Ijans: Depistaj medikal, egzamen ak evalyasyon pa yon doktè oswa, nan limit lalwa aplikab pèmèt, pa lòt moun ki apwopriye anba sipèvizyon yon doktè, pou detèmine si yon pwoblèm medikal ijans egziste e, si se konsa, swen, tretman oswa entèvansyon chirijikal pou yon sèvis ki kouvri pa yon doktè, ki nesèsè pou soulaje oswa elimine pwoblèm medikal ijans an, nan kapasite sèvis yon lopital.

Sèvis Ijans: Sèvis lopital ki kouvri, sèvis pou pasyan ekstèn, oswa sèvis transpò medikal yon founisè kalifye ki founi epi ki nesèsè pou evalyasyon, tretman oswa estabilizasyon yon pwoblèm medikal ijan. Founisè swen sèvis ijans yo gen ladan tou doktè, lòt pwofesyonèl swen sante, oswa etablisman swen sante ki pa anplwaye oswa ki pa gen yon akò kontra avèk UnitedHealthcare Community Plan.

Sèvis ki Ekskli: Sèvis sante ke UnitedHealthcare Community Plan pa peye pou oswa pa garanti.

Fwod: Yon fo zak (egzanp: si yon lòt moun ke ou itilize kat idantifikasyon manm ou epi pretann se ou menm).

Doleyans: Ekspresyon manm mekontantman ak nenpòt pwoblèm ki pa yon desizyon favorab konsènan avantaj yo. Doleyans yo ka gen rapò, pami lòt bagay, ak kalite swen oswa sèvis yo bay ak aspè nan relasyon entèpèsònèl tankou malonnèt yon founisè oswa yon anplwaye, oswa pa respekte dwa manm nan, kit aksyon korektif nesèsè. Doleyans yo enkli dwa yon manm pou konteste yon ekstansyon tan yon MCE pwopoze pou pran yon desizyon otorite.

Sèvis ak aparèy adaptasyon: Sèvis ki fèt pou ede moun jwenn, kenbe, ak amelyore aptitud pwòp tèt ou, sosyalizasyon, ak siviv aptitud ki nesèsè pou abite avèk siksè nan anviwònman lakay ak nan kominote a.

Enfòmasyon sou Sante: Reyalite sou sante w ak swen w. Enfòmasyon sa yo ka soti nan UnitedHealthcare Community Plan oswa yon founisè. Li gen ladan l enfòmasyon sou sante fizik ak mantal ou, ansanm ak peman pou swen.

Enfòmasyon sou Sante: Yon kontra ki egzije UnitedHealthcare Community Plan pou peye yon pati oswa tout depans swen sante w an echanj pou yon prim.

Swen Sante Adomisil: Sèvis ki gen ladan swen enfimyè adomisil, sèvis èd nan adomisil ak terapi kalifye.

Lòt detay sou plan an

